ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№9 (22.667) • 2014 гъэм щIышылэм (январым) и 21, гъубж • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр соми 3-щ •

adyghe@mail.ru adyghealat.ru

Хъыбар крамыгъащIэу КIуэкIуэ Юрий зэрахуэкIуар Шэджэм районым и язныкъуэ Iуэхущ1апIэхэм я унафэщIхэм я дежкIэ зыкIи зыпэмыплъауэ къыщIокI

КъБР-м и Iэтащхьэм и къадзихэр щIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Юрий щыгъуазэ зищIапи Шэджэм кьалэм и курыт еджапIэ №2-м, абы и жьауэм щIэту лажьэ сабий садитIым, республикэ психоневрологие интернатым (абы иджыпсту цIыху 301-рэ щIигъщ), ХьэщIыкIу Анатолэ и пIэр зэзыхьэ район сымаджэщым я Iуэхуэр зытетым.

ЕГъЭДЖАКIУэХЭМ, дохутырхэм, сымаджэхэм щахуэзам КIуэкIуэ Юрий щIэупщIащ абыхэм я материально-технико кьызэгъэпэщынигъэм, хущхьэрэ транспорткIэ зэрыхурикъум, мафIэ къэмыгъэхьуным зэрыкIэлъыплъым, ерыскъы пщтыркIэ зэрагъашхэм, нэгъуэщIхэми. Гугъуехьхэр мымащIэу къыщIэкIащ. Районым и унафэщIхэр нужь дыдэу я Iуэхущ1апIэм щыщыIамкIэ щеупщIам апхуэдэхэм я Iэтащхьэхэм ящыщ зым жиIащ: «ИльэситхуитпкIэ».

ЗдэщыIам кърикIуахэмкIэ КIуэкIуэ Юрий пщэрыльъзыбжанэ хуищIащ абы дэщIыгъуа Правительствэм и вице-премьер Марьяш Ириндж.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

ЕГЭ-м зыхуагъэхьэзыр

Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр 2014 гъэм зэрырагъэкIуэкIыну щIыкIэм иджыблагъэ щытепсэльыхьащ абы и къызэгъэпэщакIуэхэр. Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ министрым и лэжьыгъэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ Емуэ Нинэ мы Iуэхуэм и еплыкIэр къыхильхьащ. Абы къыхигъэщащ 2013 гъэм ЕГЭ-р зэрырагъэкIуэкIам ипкъ иткIэ, 2014 гъэм зэрыхьуну щIыкIэр зэрадубзыхур.

ЕМУЭ Нинэ жиIащ экзаменхэр егъэкIуэкIыныкмкIэ егъэджэныгъэ и лъэныкъуэкIэ цIыху гуп, кьалэ, кьуажэ администрацэхэм я унафэщIхэри кьыхащэу, къызэрагъэпэщыну зэрамурадыр.

Экзаменхэр щатыну щIыпIэу 38-р зыхуей хуагъэзащ сыт и лъэныкъуэкIи, мафIэс кьэхъу хьумэ, зэрызыщыпхьумэну Iэмалхэр ягъэхьэзыраш, иджыпсту яужь итщ видеокамерэхэр зэрытрагъэуэвыным.

2014 гъэм къэзыуххэм я класс унафэщIхэм, школ унафэщIхэм, адэ-анэхэм «стIол хьурейхэр» щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм щыдрагъэкIуэкIынущ, экзаменым теухуауэ епсэльыпIэнухэщ.

ЗэIущIэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Саенкэ Татьянэрэ.

НЫБЭЖЬ Тансэ.

• КъБР-м и Парламентым и Президиумым

«Ростелеком»-р пашэхэм ящыщщ

КъБР-м и Парламентым и Президиумым и зэIущIэм Правительствэм щыкIуэкIа зэманым хиубыдэу щытепсэльыхьащ связым и операторхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэуэхэм хуащIэ Iуэхутхьэбзэхэр егъэфIэкIуэным. Абы теухуауэ депутатхэм я пашхэ къыщыпсэльащ «Ростелеком» акционер зэгухьэныгъэ зэIухам и Къэбэрдей-Балъкъэр Iуэхущ1апIэм и унафэщI Мэщыкъуэ Барэсбий.

ДОКЛАД зыщIам зэрыжиIамкIэ, «Ростелеком»-м и Къэбэрдей-Балъкъэр Iуэхущ1апIэм телекоммуникацэ Iуэхутхьэбзэхэм я рынокым лэжьыгъэшхуэ щыпсэфIегъэкI. Апхуэдэу абы щIыналъэ, кьалэ зэхуаку, къэрал зэхуаку телефон, Интернет зэпыщIэныгъэхэр кьызэрегъэпэщ. Абы республикэм фIагъ лъагэ зиIэ Iуэхутхьэбзэхэр яхуеущIэ, Iуэхутхьэбзэ лIэужьыгъуэхэми я бжыгъэм зэпымыууэ хегъахьуэ.

- Иджыпсту Интернетым и иджырей сетыр щIыху мин 63-м щигъуэм кьагъэсэбэп. Абыхэм ящыщу щIыху мин 50-м щигъуэр xDSL технологием, щIыху мин 13-м щигъуэр FTTB технологием иролажь. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ оптикэ кIапсэ связым и линэр километр 1300-м щхьэдэхащ. Апхуэдэу щIыхухэм пIащIэгъэкIэ зыхуэфащэ Iэнатlэхэм зыпащIэн папщIэ кьалэхэмрэ кьуажэхэмрэ такософ 201-рэ щыIэщ, - жиIащ Мэщыкъуэ Барэсбий.

А псоми кьадэкIуэу унафэщIым кьигъэлъэгъуащ, зэпымыууэ хэщIыныгъэ кьарит пэтми, къызэрыгъэкI телефон зэпыщIэныгъэр кьуажэхэм щамыгъэкIуэдыжу зэрагъэлажьэр. Апхуэдэ Iуэхутхьэбзэхэм фейдэ кьыщIамытым и щхьэусыгъуэм, хэщIыныгъэхэр зыхуэдизым КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Чеченов Ануар зэрыщIэупщIам и жуапу, Мэщыкъуэ Барэсбий бжыгъэ пыухыкIаэр кьихьащ икIи кьигъэльэгъащ связым и Iуэхутхьэбзэ лIэужьыгъуэм иджыри щIэупщIэ щIиIэм и щхьэусыгъуэ и нэхъыщхьэр - ар Интернетым зыпыщIэныкмкIи хьумакIуэ Iэнатlэхэм хьыбар зэрырагъащIэ Iэмэпсымэхэр гъэлэжьэныкмкIи кьызэрагъэсэбэпыр.

Лажьэу щыIэ сетхэр кьызэрагъэпIэрэщIэжам, ухуэныгъэщIэхэр зэрырагъэкIуэкIам кьыхэкIыу, КъБР-м и муниципальнэ щIыналъэхэм телекоммуникацэ Iуэхутхьэбзэхэр кьыщызыгъэсэбэпу щIэхэм я бжыгъэм 2013 гъэм нэрылъагъуу хагъахьуащ. Псальэм папщIэ, Интернетым и Iэмал нэхъ зызыужьар кьэзыгъэсэбэпхэр щIыху 6160-кIэ нэхъыбэ хьуащ. FTTB технологием тет сетхэр гъэ кIуам Тэрч, Май, Бахьсэн, Шэджэм районхэм щаухуащ, Арчуан районымрэ Налшык кьалэмрэ щыIэ апхуэдэ сетхэм зрагъэубгъуащ. Интерактивнэ телевидениэм (IP-TV) еплъхэм я бжыгъэр нэгъабэ щIыху мини 5-м нэсащ.

(КIуэхыр 2-нэ нап.).

• Илъэсыщ1эр - унэщIэм

Псэуныгъэр йофIакIуэ

«Унэ кхъахэхэм щыпсэухэр къыщIэгъуIэпхъукIыни» къэрал программэм ипкъ иткIэ Дзэлыкъуэ районым щаухуащ тIурытIу зэхэт котеджи 3.

МЫ ПРОГРАММЭМ и фIыгъэкIэ унагъуи 6 унэщIэхэр яIэу илъэсыщIэм техьащ. Ухуэныгъэ лэжьыгъэхэр зыхуей хуэхэу кьрихьэлIащ. Бжьахьхуэ Амырхъан зи унафэщI «Вертикаль» ООО-м.

Мы Iуэхущ1апIэм лэжьыгъэшхуэ щригъэкIуэкIащ Дзэлыкъуэкъуажэ и щIыпIэ администрацэм и унэмэ: унащхьэ, пэшхэр зэрызэрагъэплъ бжьамийхэр, бжэ-щхьэгъубжьэхэр зэрахъуэкIащ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

•АПК

Заводхэм къахохъуэ

Дызытехьа 2014 гъэм Налшык щаутIыпщынущ консерв заводыщIэ. Абы зы илъэсым хуэзэу условнэ банкI мелуани 120-рэ къыщIигъэкIыфынущ.

ИДЖЫРЕЙ зыхуей-зыхуэфIхэмкIэ къызэгъэпэщауэ щытыну Iуэхущ1апIэр елэжьынущ горох щхьэкIантIэм, джэшым, нартыхум. ФIэIугъэхэр европей щапхъэм тету кьэнжал банкIхэм ираIъхьэнущ. 2014 гъэм кьуриубыдэу яутIыпщыну къудамэхэм цIыху 200-м лэжьигъэ щагъэутынущ.

2013 гъэм ди республикэм щелэжьащ пхъэщхьэмыщхьэрэ хадзэкIыу тонн мин 42,7-м. ФIэIуГъэ зэмылIэужьыгъуэ банкIыу ягъэхьэзырар 1 мелуаным нос.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

Ленин и цIэр лIэщIыгъуэхэм къыхэнащ

• Тхыдэ

Нобэ илъэс 90 ирокъу СССР-р къэралыгъуэшхуэ къызэзыгъэпэща икIи зэфIэзыгъэува Ленин Владимир зэрылIэр.

ЛЕНИНЫМ и цIэм быдэу епхащ СССР-м и къэунэхуныр - ящэ лъэбакъуэхэр сыт щыгъуи нэхъ гуГъущ. Пащтыхым и хабзэ залымыр лъэныкъуэ езыгъэза къэралыщIэм и джакIуэу икIи и унэтIакIуэу щыгари аращ.

Ленин Владимир и унафэм щIэту 1917 гъэм Жэпэгъуэ революцэ иныр екIуэкIащ. Большевикхэм къызэрагъэгъуам хуэдэуи рабочэхэм заводхэр, мэкъумэшыщIэхэм щIыр иратащ, граждан зауэм щытекIуащ, Совет Социалист Республикэхэм я Союзыр къызэрагъэпэщащ.

Лениным щхьэкIэ иджыпсту куэд ягъэхьыбар, зыгуэрхэм абы и цIэр ягъэутынну хэтщ. Уеблэмэ ар «нэмыщ1 агентуры» щIрагъэхдзыну хущIокIу. АрщхьэкIэ тхыдэр быдэу щыхьэт тохъуэ ар щIы зэфэхэщу зэрыщытым - апхуэдэ, быдэ-ларыгъуэ гъэщ дуней псор къыкIэрыщIауэ къызэрригъэпэщыну щхьэ нужь ихьа? Пашъэ кIэщIым кьрнубыдэу къэралыщIэм псынщIэу знужьу щIидзащ. Электрофикацэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа ГОЭЛРО планыр кьащтащ, заводхэр, фабрикэхэр зэрагъэпэщыжьыт, щIэхэр яухэрэт, мэкъумэшыщIэхэр зэдзейуэ щIым щелэжь зэгухэныгъэхэр (ПОЗ-хэм хуэдэхэр) зэтраугъэхэрт. КIыфIыгъэм лIэщIыгъуэ хуэдэ хъуауэ хэт Урысейм и дежкIэ абы и мыхьэнэр кьыпхуэмыльытэн хуэдизу ин дыдэт.

Псом хуэмыдэу зи Iуэху кьикIар кьыкIэрыхуа лъэпкъхэу Урысейм и щIыпIэ пхыдзахэм щыпсэухэрт. Абыхэм сыт и лъэныкъуэкIи защIэгъэкъуэным Ленниным езым и нэIэ тригъэтт. Лъэпкъхэр зэхуэдэу щытын зэрыхуейм техуауэу игъэува хабзэхэр ягъэзащIэурэ, нэхъапэм щIэныгъэншэу кьэгъуэгурыкIуа лъэпкъхэм тхыбзэ ягъуэтащ, жылагъуэхэм еджапIэхэр кьыщIэзыгъахащ.

Псом нэхърэ нэхъыщхьэу щытар Урысейм хэт дэтхэнэ лъэпкъми и Iуэхуэр езым зэрихуэжыну Iэмал зэрыратарщ. Абы и лъабжьэфIт автономие хуэхэр. Фигу кьэдгъэкIыжьынщи, 1921 гъэм фокIадэм и 1-м Къэбэрдей автоном областыр къызэрагъэпэщауэ (1922 гъэм и мазаем кьыщыщIэдзауэ Къэбэрдей-Балъкъэр автоном областщ) щытащ, ар зыхуэбгъэдэн щымыIэу ипэкIэ яча лъэбакъуэшхуэт. АрдыдэмкIэ хуиту зэIуха хьуащ ди щIыналъэм и зыужьыныгъэ гъэзэгр. Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхухэм Iэщ1агъэ хэха щрагъэгъуэт еджапIэхэр кьыщызэIуахырт, мэкъумэш IэнатIэмрэ кьэунэхуа промышленностымрэ зыщ1ауэкырт. Кьытедгъэзэжынщи, иджы хэти сыти жреIэ, арщхьэкIэ апхуэдэ зэхъуэжкIыныгъэхэр лъэпкъхэм зэи ящыгъупщэжнукъым.

Социализмэр (нэгъуэщIу жьпIэмэ, щIыхухэм я зэхуэдэныгъэр) зэфIэзыгъэувэну жызыIа къэралыщIэм бий и куэдт. АрщхьэкIэ Лениныр абы кьигъэдзыхакъым, атIэ революцэм и кьэныгъэхэр зыхъумэфыну кьару кьызэригъэпэщащ.

Ленин Владимир и Iуэхущ1апхэр ину, къэралым и псэухIэм и лъэныкъуэ псори кьызэIэзыубыдэу щытагъ. Ар зыгъэщIар илъэс 54-рэ кьудейщ. Большевикхэм я ныкъуэкъуэгъу социал-революционерхэм ящыщ Каплан ар 1918 гъэм Михельсон и заводым кьыщыпсалъэу кьиуIауэ щытащ. Кьыридзар уIэгъэшхуэ хуэдэтэкъым, арщхьэкIэ кьытехуа шэр щхъухькIэ псыхьауэ кьыщIокIащ. Ленинр жьыдэкрэ лэжьащ 1921 гъэм нэсыхукIэ. Ауэ нужькIэ уIэгъэр къешынэуэжащ, политикэ гъащIэми жьыдэкрэ хэтыжьыфакъым.

ИтIани, а цIыхум и акъылыр апхуэдизкIэ жыжьэ нэсырти, абы нубзыхуа Iуэхуэхэм я фIыгъэш СССР-р илъэс бжыгъэ фIэкIа дэмыкIыу, дунеим и кьэрал нэхъ лъэщ дыдэхэм зэрахьыхьар. Аращ псом хуэмыдэу Ленинным и цIэр мыкIуэдыжьын зыщIыр.

МАХЪШОКЪУЭ Мухьэмэд.

«КъафэмкIэ» утыкушхуэ йохьэ

• Хъыбар гуапэ

«Кабардинка» ансамблыр щIыпIэ куэдым кьызэрыщаIыхур, пщIэ кьызэрыщыхуащIыр жыпIэным егъэлея хэлъкьым. Ильэс куэд щIауэ лажьэ гупым и Iуэхущ1афэ дахэр и утыку ятыкIэ екIуэкIа кьлэжьащ ар, нобэр кьыздэсми лъэпкъым, Къэбэрдей-Балъкъэрым и набдзэу къоГъуэгурыкIуэ. Иджы ар хэтынущ Сочэ щекIуэкIыну ЩIымахуэ Олимп Джэгухэр кьыщызэIуахым, нужькIэ екIуэкIыну щэнхабзэ зэхьыхьэхэм.

- УРЫСЕЙ, Дунейпсо олимп комитетхэм драгъэблэгъат Сочэ. Ящэм кьытхуитIыпщэлъэгъуат щIыхубэм папщIэ стадионым щекIуэкIыну щэнхабзэ зэхьыхьэм дыхэтыныи, «хьэуэ» жетIэн хуей хьуащ. Абы лъэпкым и дамыгъэ кьызыхэщ гуэри утыку кьущитхьэфынутэкъым. Режиссерхэм я зэIущIэм лъабжьэ хуащIыр, зэрызэхэсхамкIэ, урыс тауры-хьщ, хэтынэри лъэпкъ самодеятельнэ ансамблхэрщ, - жеIэ «Кабардинка»-м и художественнэ унафэщI Атэбий Игорь. - Ди дежкIэ нэхъ пщIэр, къэрал академическэ ансамблым нэхъ хуэфащэр Дунейпсо олимп комитетым зэрызыкъытхуигъэзэращ. Ди «Къафэ»-р мазаем и 4-м утыку кьыщитхьэнущ комитетым и сессиер кьыщызэIуих зэIущIэм, ЩIымахуэ театрым щекIуэкIынум. Къэралыгъуэхэм я Iэтащхьэхэр, лъэпкъ олимп комитетхэм я унафэщIхэр зыщIэсыну пщыкым и концерт программэр къуэщ, гуп нэхъ цIэрыIуэ дыдыхэрщ абы зи лэжьыгъэ щызыгъэлъэгъуэнур. Дэр нэмыщI, псалъэм папщIэ, абы хэтынущ Театр инир, Маринскэ театрыр, «Кострома» урыс лъэпкъ балетыр, «Виртуозы Москвы» камернэ оркестрыр, Кубань къэзакъ хорыр, «Хор Турецкого» гупыр. Дунейпсо олимп комитетым и сессием и зэIущIэр къэралу щыIэм я телевиденэхэм кьаГъэлъэгъуэнущ.

Атэбий Игорь

Мыдрейуэ, Урысей лъэпкъ олимп комитетым и жьIэкIэ, зыкьыщыдгъэлъэгъэнущ текIуа спортсменхэр щагъэлъапIэм иращIэкIыу мазаем и 8 - 10 махуэхэм щыIэну гуфIэгъуэ зэхьыхьэм. Мы зэкIэ зэрытраухуам тепщIыхьмэ, а концертхэр дэтхэнэри дакьикъэ 30 - 40 хьууэ щытынущ. Ди лэжьыгъэхэм я нэхьыфIэр абыхэм зэрыщыдгъэлъэгъуэным яужь дитынущ. Абы хэтынущ кьэрэмейкъэ щIэныгъэ, ингушхэри, кьалмыкъхэри, тэтэрхэри - кIэщIу жыпIэмэ, кьанэ щымыIэу Урысейм иц лъэпкъ псори. Лъэпкъ пщIантIэхэри ягъэувынущ, абыхэм я щэнхабзэр зэрэзэхуэкIыну кьрахьэн мурадкIэ.

Зытхыжар

ИСТЭПАН Залинэщ.

Дунейм щIыкъыбархэр

ЩIымахуэ зэманым теухуауэ

Къэрал Думэм Узышнаджэр хьумэнымкIэ и комитетым и унафэщI Калашников Сергей дыгъуасэ къыхильхьащ къэралыр щIымахуэ зэманым техьэжьным теухуа законопроектыр. Абы зрыжиIамкIэ, и жэрдэмыр кьыдаIыгъащ фракцэ псоми щыщ депутатищэм щIигъум.

«Иджыпсту дызытет гъэмахуэ зэман къэбжькIэм дыкьытенэным и телъхьэу ущыт хьуну си гугъэкъым, «Росгосстрахдзор»-м хэIущIыIу ищIахэм я жьыкIэ. Абы къызэригъэлъэгъуамкIэ, къэралым и цIыхухэм я узынщагъэм икъукIэ зэрацхуохьу ар. Куэд дыдэ егъэгубжь щIымахуэм кIыфIэхэту дзжьапIэм кIуэм хуей зэрыхьум», - жиIащ Калашниковым.

Гъэмахуэм сыхьэтыр ипкIэ гъэкIуэтэным, щIымахуэм кьигъэкIуэтыжьным кьытекIыпхьэу кьалытэ проектыр зыгъэхьэзыраxэм. Нэху щыщым, жэщ щыхьэм тещIыхьауэ, кьэралым и щIыналъэхэр зытетыну зэман кьэбжькIэр 10-уэ зэщхьэщыпх хьуну кьыщыгъэлъэгъуащ абы. «Апхуэдэ хабзэм дытехьэмэ, зы сыхьэткIэ яп диту дызэрыпсэур щIыхухэм я узынщагъэм зэрегъауэри щыIэжьнукъым, я гъащIэм и кIыхьагъым хэхъуэнымкIи сэбэп хьунущ, экономикэ зыужьыныгъэри нэхъ щIэхуэбжьэнущ», - къыхигъэщащ депутатым.

Хабзэр депутатхэм кьызэдащтэжа, дызэса зэманым дытехьэжьынущ 2014 гъэм жэпэгъуэм и 26-м. Щэч хэлъкъым абы щIыху куэд дыдэ зэрыщIэхьуэпсым.

Аргуэру ягъэмащIэ

И унафэм щIэт Iуэхущ1апIэ зыбжанэм лицензэхэр УФ-м и Банк Нэхъыщхьэм къызэрыIихыжьым щIыху куэд егъэпIейтей, я мылькур зыхэль хъумапIэхэми апхуэдэ къащIыщIынкIэ зэрыхьунум егъэгузав.

ЩIыналъэ банкхэм я зэгухьэныгъэм зэрыщыжаIамкIэ, апхуэдэу щIащIым и щхьэусыгъуэр ахъшэ хъумапIэ куэдыщэ къэралым щылажьэ зэрыхьурщ. Абыхэм тэмэму уакIэлъыплъынуи, хабзэр зэрагъэзащIэр нэсу кьэпщщытэныи Iэмал щыIэкъыми, ахэр гъэмэщIыжьым яужь ихьауэ аращ.

ЩIыщыIэм и 20-м апхуэдэ лэрэгрэхэр къыIахьжащ «Имбанк», «Надежность» банкхэми. ЗэрагъэкIуэкI мылькумкIэ абыхэм къэралым щаIыгъыр, зэрызэкIэлъыкIуэм хуэдэу, 815-нэ, 835-нэ увыпIэхэрт.

«КъыкIэлъыкIуэнур хэтми зыми ищIэркъым. АбыкIэ хъыбар едгъащIэркъым, апхуэдэу пщIынри кьемыззгъщ. Ахъшэ хьумапIэр афIэкIа мылэжьжьыну абы и унафэщIхэм нэхъ пасэу кьащIэмэ, езыхэмрэ я IупэфIэгъуэмрэ я фейдэ зыхэлъхэр пхагъэкIынырэ, къызэрыгуэкI цIыхухэм ялъысыжьынур мащIэщ», - жиIащ Банк Нэхъыщхьэм и унафэщI Набиуллинэ Эльвирэ.

«Имбанк», «Надежность» ахъшэ хъумапIэхэм зи мылъку хэлъахэм ахэр иратыжу щIадзэнущ мазаем и пэщIэдзэхэм щегъэжьауэ.

Мэй Ванесси Олимп Джэгухэм кьокIуэ

Сочэ щекIуэкIыну Олимпиадэм гъэщIэгъуэн куэд къыщыхьэну поплъэ щIыхухэр. Абыхэм ящыщу кьэпльыгъ хьунущ Мэй Ванессэ абы зэрыхэтынур.

Зэпеуэхэм кIэлъыплъыну е Олимпиадэм и щэнхабзэ Iыхьэм и Iэзэгъэр щигъэлъэгъуэну аракъым, атIэ Таиландым и гуп кьыхэкам хэтынущ - скрипкэм макъамэ телъыдджэхэр IэзэкIейуэ кьиныгъэкI цIыхубз щыкIуэм и мурадщ бгым лыжжкIэ кьежэхьыным и зэфIэкI щигъэлъэгъуэну. Гуп кьыхэкам зэрыхатхар и адэм и унэцIэмкIэщ - Ванакорн.

«ЦIыхуэхэм ягъэщIагъуэ лыжжкIэ бгым сыкъежэхэу щалъагъукIэ. Апхуэдэу щытми, сэ абы икъукIэ сыдехьэх. Си хьуэпсапIэ нэхъыщхьэхэм ящыщт спортсмен лъэрызехьэхэм сапеуэнуи, иджы ар кьызэхуэлIэну си гугъэщ. Къэхъуну увыпIэми мыхьэнэщхуэ иIэу кьэслытэркъым, си дежкIэ нэхьыщхьэр Олимпиадэм сызэрыхэтынурщ», - жиIащ Ванессэ.

♦УФ-м и инженер дзэхэм я махуэщ

♦1918 гъэм Адыгейм Совет властыр щагъэуващ.

♦1985 гъэм **Хьэгъундокъуэ Елмэсхан** дунейм ехьжащ.

♦ЩIыщылэм и 21 - 30-хэм Нью-Йорк (США) щекIуэкIынущ ООН-м Правительствэм и иэзэм щIэмыт зэгухьэныгъэхэмкIэ и комитетым и сессие.

♦ЩIыщылэм и 21 - 25-хэм Женевэ (Швейцарие) щызэхэтынущ ООН-м Сабийм и хуитныгъэхэмкIэ и комитетым и 65-нэ сессиер.

♦КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ **Хьэхъупащ1э Хьэжбэчыр** къызэралъхуэр илъэс 88-рэ ирокъу.

♦УФ-ми КъБР-ми щIыхь зиIэ я егъэжакIуэ, тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор **Мэлбахьуэ Борис** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.

♦Филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **БищIо Борис** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIэу щыщытынущ, уэс кьыщесынущ. ЩIыIэр махуэм градуси 3 - 2, жэщым градуси 6 - 4 щыхьунущ.

Зыгъэхьэзырар

ЖЬЭКIэМЫХЪУ Маринэщ.

Къалэ-лIыхъужьым олимп мафIэр къыщрахьэкI

Сочэ щекIуэкIыну ЩIымахуэ Олимп Джэгухэм я мафIэ зэIэпахыр дыгъуасэ сыхьэти 9-м къалэ-лIыхъужь Волгоград поезд щхьэхуэм къыщрахащ.

АР ЯПЭУ ирихьэжащ Олимп чемпион Опалев Максим. АдэкIэ мафIэ зэIэпахыр щIы щIагъ метром километрищкIэ къыщрашэкIащ, Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм Сталинград къалэр хуэмэнымкIэ мыхьэнэшхуэ зиIа Мамаев Iуащхьэм драхьеящ, къалэм щагъэува ЩIыхьым и алеем блахащ.

Эстафетэм хэтащ спортсмен, артист цIэрыIуэхэр. Гъуэгум и къыкIагъкIэ махуэшхуэ зэхьыхьэхэр, концертхэр къыщызэрагъэпэщат.

ЦIыху куэд къыщызэхуэса Волгоград и ут нэхъыщхьэм мафIэ зэIэпахыр ирихьащ атлетикэ псыщIэмкIэ Олимп чемпионкэ Лебедевэ Татьянэ. Абы щагъэува фалъэ иныр пантэнащ тIэунейрэ олимпиадэхэм щытекIуа Исинбаевэ Еленэрэ Волгоград областым и Iэтащхьэ Боженов Сергейрэ. ГуфIэгъуэ зэхуэсыр концерт иным игъэбжьыфIащ.

ЩынагъуэншагъэР къызэрагъэпэщын папщIэ Волгоград и щIыпIэ куэдыр транспортым папщIэ дыгъуасэ зэхуащIащ. Эстафетэр здрикIуа тIэунейрэ олимпиадэхэм щытекIуа Исинбаевэ Еленэ мылэжьжьыну абы и

Нобэ

♦Лъэпкъ Iуащыгъэ:

Iэм илъ нэхърэ - Iум илъ.

«Ростелеком»-р пашэхэм ящыщщ

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.)

CDMA мардэм тет кІапсэнщэ связым и сеть щІын яухащ, абы и станц нэхьыщхьэхэр лажьэу яутІыпщащ икІи абыхэм я фІыщІэкІэ республикэм исхэм Іэмал ягъуэтащ кІапсэнщэу Интернетыр кьагъэсэбэныну.

Іуэхущ1апІэм связымкІэи сетыр кьыгэрагъэщІэрэщІжьыж, абы зэрызрагъэжьым кьыхэкІыу мы Іэнатіэр тэмэму хотэжьхь.лъпкъ проект пэрыту Къэбэрдей-Балькъэр Республикэми, зэрыщыту Урысей Федерацэми щагъэзащІэхэм, « доклад ым кьыщыхигъэщащ Мэшыкьуэ Барэсбий.

Іуэхущ1апІэм и унафэщІым апхуэдэу жиІащ «Ростелеком» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам и Къэбэрдей-Балькъэр Іуэхущ1апІэм зэфІэкІыр кьагъэсэбэнурэ, 2014 гъэм къэрал экзамен зэгуэтхэр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и щІыналъэм зэрыщагъэхІуэкІыр зэрымрадыр. Дызыхьхьа илъэсым, хэхуэу жиІащ абы, «Ростелеком» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам и Къэбэрдей-Балькъэр Іуэхущ1апІэм зэфІэкІыу иІэр хуиунэтІынущ связым и Іуэхутхьэбзэу кьыхэригъэпэщхэм я фІагьыр кьаІэтыным, езэгъэрабгъу тариф политикэ егъэкІуэкІыным, инфраструктурэ, техникэ Іэмалхэр нэхъ нэсу щІэгъэкъуэн кьэщІыным.

Къэпсалъэм кьигъэлъагъуащ мы зэманым ирихьэлІэу Налшык кьалэмри республикэм и адрей жылагъуэхэми дэт еджапІэхэм иджырей телекоммуникацІ Іуэхутхьэбзэхэр кьыхэрагъэсэбэныр. Абыхэм кьадэкІуэу, программэ щхьэхуэ ягъэзащІэ сабий ныкъуэдыкъуэхэм папщІэ Интернетым и сетым щІыхухэм хуащІэ Іуэхутхьэбзэхэр ирагъэфІэкІуэфынущ, езы медицинэ лэжьакІуэхэм я Іэнатіэри щыгъэсынщІэнущ.

Докладым увыпІэ пыухыкІа щигъэтащ «Электронправительствэ», «ИнформацІэ зэгухьэныгъэ» проектхэр зэрагъэзащІэми.

- «Электрон правительствэ» проектым хихьыдэу дэ ди кьалэн нэхьыщхьэр бжыгьэхэр зи лабжьэ технологием тету властым, цІыхухэм, бизнесым я зэпыщІэныгъэхэр гъэбыдэнырщ, - жиІащ Мэшыкьуэ Барэсбий. Электронправительствэм кьэрал организацІэхэм захуэгъэзэныжьмкІэ цІыхухэмрэ бизнесымрэ яІэ Іэмалхэр ирегъэфІакІуэ икІи республикэм щыпсэухэм я гъащІэр нэхъ тынш ещІ.

Докладым увыпІэ хэха щаубыдащ тарифхэм, зэфІагъэкІ псапащІэ лэжьыгъэм, социальнэ проектхэм, бизнесым я лабжьэ интерактивнэ телевиденэм я Іуэхухэм.

Докладыр нуха нужь, Мэшыкьуэ Барэсбий депутатхэр зыщІэупщІахэм я жэуапхэр яритащ. Кьапщтэмэ, рынокым идхьапсту щиІэ пщІэр кьимыгъэлъэхьшэн, зэфІигъэкІ Іуэхутхьэбзэхэр нэхьри иригъэфІэкІуэн папщІэ компанием зэфІигъэкІхэм теухуауэ КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1ым и яп1 кьуэдзэ Жаным Руслан кьигъэува упщІэм и жэуапу Мэшыкьуэ Барэсбий кьигъэлъэгъуащ «Ростелеком»-м и лэжьакІуэхэр связым и Іэнатіэм кьыщыхьу зэхъуэкІыныгъэхэм, апхуэдэу цІыхухэр нэхъ зыщІэупщІэхэм эпымыууэ зэрыкІэлъыплъыр икІи абы ипкъ иткІэ, зыхуэфащэ телекоммуникацІ продуктэмрэ Іуэхутхьэбзэхэмрэ кьыхэрызэригъэпэщыр. Мы зэманым абонентэр щІэгъэхуэбжьауэ иджырей Интернет сетым пащІэ. Апхуэдэ абонентэ 2006 гъэм 1700-рэ фІэкІа щымыІамэ, 2013 гъэм и кІэухым ирихьэлІэу абыхэм я бжыгьэр мин 67-м нэсащ. Абы и лъэныкъуэкІэ Къэбэрдей-Балькъэр Іуэхущ1апІэр Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым цыпашэщ. Абы и лъэныкъуэкІэ, Мэшыкьуэ Барэсбий зэрыжиІамкІэ, Іуэхутхьэбзэхэм я фІагьымрэ абыхэм щІат уасэхэмрэ тэмэму зэхуэгъэкІуауэ щытщи, ди щІыналъэм мы компанием щиІэ пщІэр икьукІэ ІыагъщІ.

Компанием кьигъэсэбэп Іэмэпсымэхэм я щытыкІэм теухуауэ кьигъэува упщІэм хиубыдэу КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1 Чеченов Ахуар кьигъэлъэгъуащ псоми кьагъэсэбэн телефон связымкІэ тарифхэр гъэмэщІэным, компанием иригъэкІуэкІ Іэмэпсымэхэм я социальнэ унэтІыныгъэм зегъэужьыным зэпымыууэ егуГъун хуейуэ кьызэрилытэр.

КъБР-м и Парламентым и депутатхэм ящыщу зэІупщІэм кьыщыпсэльахэм зэрыжаІамкІэ, Къэбэрдей-Балькъэрым щыІэ Іуэхущ1апІэм кьигъэсэбэп Іэмэпсымэхэмрэ технологиехэмрэ, апхуэдэу лэжьигъэхэр кьызэрызрагъэпэщ программэхэр зэпымыууэ кьызэрагъэщІэрэщІэжьым кьыхэкІыу «Ростелеком»-м и Іуэхутхьэбзэхэр кьэзыгъэсэбэп щІыхухэмрэ организацэхэмрэ нэхьыбэ хьу зэпытщ. Абыхэм кьадэкІуэу жаІащ оптико-кІапсэ связым и линэхэмкІэ кьызэмыгъэпэща жьлагъуэ щхьэхуэхэр КъБР-м зэрыщыІэр. Парламентархэм кьалъытэ иджырей Интернетым зегъэужьын, связым и Іуэхутхьэбзэхэр щызэблэу кьэмыгъэхуным егуГъун, Іуэхутхьэбзэхэр нэхъри егъэфІэкІуэн, Іуэхущ1апІэм иригъэкІуэкІ лэжьыгъэм и социальнэ унэтІыныгъэм хэхаэ зегъэубгъун хуейуэ.

ЗэІущІэм кьыщапсэльаэхэмрэ кьыщыкалъхьа Іуэху щхьэхуэхэмрэ зэпалъытри, президиумым хэтхэм унафэ пыухыкІа кьащтащ. Абы ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Транспортымкі Іэ, связымрэ гъуэгу хозяйствэмкІэ и министерствэм чэнджэщ ираташ иджырей технологиехэмрэ мардэхэмрэ ятещІыхьауэ связым и инфраструктурэм зегъэужьыным, апхуэдэу связымрэ телекоммуникацІэмрэ я Іэнатіэм лэжьыгъэкІэ щызэпеуэнщи кьызэгъэпэщыным егуГъуну. Унафэм апхуэдэу кьыхощ «Ростелеком» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам и Къэбэрдей-Балькъэр Іуэхущ1апІэм псоми кьагъэсэбэп телефон связым и тарифхэр гъэмэщапхъэу зэрыщытым гу льытэн, Іуэхутхьэбзэ пыухыкІахэр кьыщызэригъэпэщкІэ икІи абыхэм я уасэхэр щигъэвжькІэ зэкІэ республикэм щыІэ псэукІэмрэ ику иту щат улахуэмрэ ятрищІыхьын зэрыхуейр.

БАТЫР Любэ,
КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ1апІэ.

● «Адыгэ псалъэ»-90

Ди газетым цІыхухэр зэщІигъэуІуэрт

Зэман зэмылІэужьыгъуэхэм, псом хуэмыдэу хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм, ди газетым кьыдигъэкІа номер псоми хьибольагъуэ идеологиемрэ пропагандэмрэ кьару лъэщу кьызэрекІуэжІар икІи тетыгъуэр зыІэщІэлъхьэм ар икьукІэ Іэмэпсымэхэр кьагъэсэбэту зэрыщытар. Зэпымыууэ жэрдэмхэр, щІэгуэрхэр кьыхалъхьэрт, цІыхуэхэр зэщІагъэуІуэу.

МИС кьэтщтэнщи, 1944 гъэм накьыигъэм и 5-м - Большевик печатым и махуэм кьыдэкІа «Къэбэрдей пэж» газетыр кьызэІуех мыпхуэдэ кьыхуеджэжьныгъэкІэ: «Печатыр большевик партым и Іэщэ нэхъ жан дыдэу, нэхъ лъэщ дыдэу щытщ. Ди печатым и кьару псори фронтым дэІэпыкьуным ехьэлІэн. Печатым и кьалэнщ Верховнэ Главнокомандующэ Советскэ Союзым и Маршал товарищ Сталиным и историческэ приказыр гъэзэщІэным советскэ народ псор хуэунэтІныкьмкІэ ди партым дэІэпыкъуну». (Зэуэ гу лъывзэгъэтэну сыхуейт илъэс 70 и пэкІэ щыІа газетыбзэмрэ иджырей тхыкІэ-кьэпсэльыкІэмрэ зэрызэщхьэщыкІым).

Зи гугъу ищІ приказыр щытщ махуэшхуэ хъуэхъуу. Сталиным ар мыпхуэдэ псалъэхэмкІэ кьызэІуех: «Товарищхэу красноармейцхэ, краснофлотцхэ, сержантхэ, офицерхэ, генералхэ, партизанхэ, партизаннкэхэ! Советскэ Союзым и гуащІэрыпсэухэ! ГъэпщылІакІуэ нэмыщхэмэ залымыгъэм пІалъэкІэ щІагъэхуа икІи лъэщыгъэкІэ Германием яхуу фашист пщылІыпІэм ирагъэува ди къуэшхэ, ди шыпхъухэ!

Советскэ правительствэмрэ ди большевик партымрэ я щІэкІэ сэлам фызох икІи сынывохъуэхьу!-

Адэкіэ унафэр кьанэ щымыІэу зыхуэгъэзар а зэманым екІуэкІа зауэ Іуэхухэрщ икІи ахэр зыкІи кьащхьэщыкІыркъым школым дэ щыдагъэджажхэм. СССР-м и Іэтащхьэм кьыхехъэщхьэхэ Сталиноград и деж кьыщыщІэдзащ ди дзэхэр бийм зэпымыууэ зэребгъэрыкІуэр, фашистхэм яубыда советыщІхэм я Іыхьэ пІаниищ хуит кьызэращІыжар, мыгувэу зэрыпхъуакІуэхэр ди щІыналъэм зэрырагъэкъэбзыкІынкІэ, бийм ибыгъ кьэрапхэрэ кьаІэщІигъэкІыжу ар и гъуэм зэрыратхьэлъыхьыжьнр.

«Большевистскэ печатым и кьалэныШхуэхэр» пэрыт тхыгъэрэ нэхъыбэу зытеухуар зауэ Іуэхуэрщ, текІуэныгъэр кьагъэблэгъэн папщІэ зэфІагъэкІын хуейкэрщ.

Мы номер дыдэм тетщ «Ещанэ Къэрал гимназие №1-м и 11-нэ классым щеджэхэу Вишняков Артёмрэ Мэремщауэ Алинэрэ, Шэрлокьуэ Тамерлан (Къэбэрдей-Балькъэрым и «УхуакІуэ КолледжымкІэ и студент), Щхьэгъэпсо Азэмэт (гимназие №29).

«Плакат» Іыхьэм нэхьыфІу кьышцалъытащ школ №32-м и еджакІуэхэу Ахмедовэ Маликэрэ ГъуакІэл ФатІимэрэ, Къуэшыкьуэй Елизаветэ (гимназие №29), Ганицкая Марие (школ №25), Киреевэ Валерие (школ №30).

«Социальнэ проект» Іыхьэм зэпеуэм и кьэпщытакІуэхэм увыпІэ зыми щыхуагъэфэщакьым. «ديнымрэ зэрыпытымрэ» зэпеуэм и «Литературэ тхыгъэ» Іыхьэм Вишняков Артём и Іэдакьэ кьыщІэкІар зэхьэзэхуэм и республикэ Іыхьэм хагъэхьэну унафэ ящІащ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.
Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

● ЗэІущІэхэр

Илъэс лэжьыгъэм кърикІуахэр зэхалъхьэж

Урысейм Тезырэхэр ирегъэхьэкІыныкмкІэ и федеральнэ Іуэхущ1апІэм и управленэу КъБР-м щыІэм щызэхэта коллегием и зэІущІэм илъэс кІуам я лжьыгъэм кьрикІуахэр щызэхалъхьажащ, 2014 гъэм кьапэщыт кьалэныщІэхэр щаубзыхуащ, ту зыльытапхъэ унэтІныныгъэхэр щагъэнэІуащ.

КОЛЛЕГИЕМ хэтащ Урысей ФСИН-м лъэхъуэщхэмрэ ягъэкъуаншэхэр пІалъэкІэ щаІыгъ Іуэхущ1апІэхэмрэ я лэжьыгъэр кьызэрэпэщынымкІэ управленэм и унафэщІым и кьуэдзэ кьэрал кІуэцІ кьулыкъум и полковник **Ларин Сергей**. ЗэІущІэм и пэ кьихуэу ар щыІащ СИЗО-1-м икІи зи Іуэху зэхэгъэкІэхэр зэрыпІыгъ кьинщытащ, ухуэныгъэхэр зэрекІуэкІым щыгъуазэ зищІащ, Іэнатіэм и унафэщІхэм епсэльащ.

ЗэІущІэм хэтащ республикэм и хабзэгъэзыж, гъэзэщІакІуэ властым я лІыкІуэхэр, щІынальэм и хабзэхьумэ органхэм, дин, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я унафэщІхэр. Ар иригъэжьэщащ КъБР-мкІэ УФСИН-м и унафэщІ кьалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ кьэрал кІуэцІ кьулыкъум и полковник **Теувэжьыкуэ Мурадин** икІи зэпкьрыхьауэ тепсэльыхьащ 2013 гъэм ирагъэкІуэкІа лэжьыгъэм кьрикІуахэм.

- Урысей ФСИН-м и управленэу КъБР-м щыІэм, абы и лэжьакІуэхэм зэпІэзэрытыныгъэр зэтеІыгъэныр, Іуэхущ1апІэхэм хабзэр щагъэзэщІэныр, щхьэ зыкуащІэкъмрэ ягъэтІысахэмрэ зэрабгъэ щытыкІэр егъэфІэкІуэныр кьыхэрагъэпэщын яхуэзфІэкІащ, - кьыхихгъэщащ Теувэжьыкуэм. - ЩІэпхъаджагъэхэр ямылэжьыным, апхуэдэхэр сэтей кьэщІыным я лъэныкъуэкІэ управленэмрэ КъБР-м и кьалэхэуэмэ Іэнатіэхэмрэ зэщІыгъуу кьэлпыхьуэныгъэ Іуэхутхуэхэр ирагъэкІуэкІ. УФСИН-м кьыбгъэдэкІа хьыбархэмкІэ республикэм и хабзэхьумэхэм хабзэншагъэкІэ зэрагъакІуэ Іэщэу 6, Іэщэ Іэмэпсымэу 393-рэ, кьагъауэ вещество килограмми 2-рэ грамм 400-рэ, гранатэу 2, РПГ гранатэдзу 1, наркотикхэкІхэу килограмми 2-м нэблагъэ кьыстрамиу, - кьыхихащІащ абы.

Теувэжьыкуэ Мурадин 2014 гъэм кьапэщыт кьалэныщІэхэм кьызэхуэсахэр щыгъуазэ ящІащ.

Цыхьум и хуитыныгъэхэмкІэ КъБР-м щыІэ уполномоченэ **Зумакулов Борис** кьыщыпсальэм зэкъуэту зэрызэдэлажьэм папщІэ УФСИН-м и унафэщІым хуэунащІ.

Кьарузехьэ Іэнатіэхэм я лІыкІуэхэр кьыхагъащащ республикэм и уголовнэ-гъэзэщІакІуэ Іуэхущ1апІэм и лэжьыгъэм гулыпІэ зэрыхуащІыр, адэжи зэкъуэту зэрызэдэлажьэнур я фІэщ зэрыхьур.

ЗэІущІэм и кІэухым кьэрал кІуэцІ кьулыкъум и полковник Ларин Сергей УФСИН-м зыІэригъэхьа екъулІэныгъэхэр игъэнэІуащ, Іэмал имыІэу зэлэжьыпхъэ гугъуехьхэм кьытеувыщ, Тезырэхэр ирегъэхьэкІыныкмкІэ федеральнэ кьулыкъум и управленэу КъБР-м щыІэм и лэжьакІуэхэр я кьалэнхэм зэпэпльэщар кьыхихигъэщащ.

ЗЭБАР Мадинэ.

Итьэс кІуам и кІэухым ІыдаІуэрп, и кьулыкъум текІауэ щытащ Аруан куейм щыщ Къэхъуэ кьуажэм и администрацэм и Іэтащхьэ Тамбий Амир. Абы кьыхэкІыу жьылэм щыщІэ унафэр щызэзыгъакІуэ советым зи чэзу къэмыса и зэщІэр ищыгъэ-благъэ зэхуагъэсын хуей хьущ. Кьуажэ администрацэм и Іэтащхьэу, абы кьыдэкІуэу щыщІэ унафэр зегъэкІуэныкмкІэ советым и тхьэмадэу депутатхэм зэакьылэгъуэу а сессием щыхахащ Щэрмэт Мухьэмэд Сэтъэпан и кьуэр.

МУХЬЭМЭД мы жылэм ирагъэжьащ 1955 гъэм дыгъэгъазэм и 11-м кьыщыпхьуащ. Кьуажэ школыр кьиухри, 1972-1976 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр кьэрал университетым бухгалтер-экономист Іэщ1агъэр щызэригъэгъэтащ.

Щэрмэт Мухьэмэд Іэщ лъэпкъыфІхэр гъэхъуным елэжьу Аруан районым щыІэ Іуэхущ1апІэм и бухгалтеру кьыщІидзащ. Абы нужьКІэ щатхуэ зыхуеину нартыху жылапхъэхэмкІэ нэсу кьызэгъэпэща хуным я зэфІэкІ псори ирахьэлІэ.

Джьылахъстэнём мы ильэсым хъацэпэцу хиса гектар мин 38-м щыщу 27-р нартыхущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● АПК

Жылапхъэхэр ягъэхьэзыр

Тэрч куейм и «Элеватор» ООО-р иджыпсту и гущІэгъуэу йолажь жылапхъэхэм я гъэхьэзырным. Бжьыхь лъэхъэнэм кьрирубдэу ягъэгъуу гъэтІылъыпІэхэм щІалъхьажа нартыхуэ иджырей мардэхэм тету зэхадз. Элеваторым мІэщ Іуэхур зэманыщхуэ темыкІуадэу кьыщрахьэлІэ Іэнатіэ.

ЗЭХЭДЗЫНЫР зэрызэфІэкІыу жылапхъэхэр кьэпхэм ирапхьэжри щхьэхуэу ягъэтІылъ, гъатхэсэм ирихьэлІэу мэкъумэщ предприятэхэрэ уней хозяйствэхэмрэ зэрызэбграшынымэ хуэхьэзыр.

Іуэхум пэрыт Іащ1агъэлІэкІэ зэрыжаІэмкІэ, районым и мэкъумэш Іэнатіэхэр гъатхэм зыхуеину нартыху жылапхъэхэмкІэ нэсу кьызэгъэпэща хуным я зэфІэкІ псори ирахьэлІэ.

Джьылахъстэнём мы ильэсым хъацэпэцу хиса гектар мин 38-м щыщу 27-р нартыхущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Къэхъун къуажэм и Іэтащхьэ Щэрмэт Мухьэмэд

1955 гъэм дыгъэгъазэм и 11-м кьыщыпхьуащ. Кьуажэ школыр кьиухри, 1972-1976 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр кьэрал университетым бухгалтер-экономист Іэщ1агъэр щызэригъэгъэтащ.

Щэрмэт Мухьэмэд Іэщ лъэпкъыфІхэр гъэхъуным елэжьу Аруан районым щыІэ Іуэхущ1апІэм и бухгалтеру кьыщІидзащ. Абы нужьКІэ щатхуэ зыхуеину нартыху жылапхъэхэмкІэ нэсу кьызэгъэпэща хуным я зэфІэкІ псори ирахьэлІэ.

ЗЭПЕУЭМ и кьэпщытакІуэ гупым хэтащ Налшык кьалэ администрацэм щІалэгъуэлэ Іуэхуэхэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмкІэ и кьудамэм и унафэщІ **Бахтиаровэ Евгение**, Егъэджэныгъэмкі Іэ департаментым и методистхэу **Середа Валентинэ** Іуэтхэ **Асльэнрэ**, Налшык кьалэ администрацэм щІалэгъуалэ Іуэхуэхэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмкІэ и кьудамэм и унафэщІ **Мыкьуэжь Маратэ**, Сабий художественнэ школым и унафэщІ **Зэхьуэкъу Валерэ**.

Налшык кьалэ администрацэм и Іэтащхьэм и кьуэдзэ **Дол Анжелэ** жиІащ зэпеуэр Іыхьишу гуэшауэ зэрыщытар («Литературэ тхыгъэ», «Плакат», «Социальнэ проект»). Налшык кьалэ администрацэмрэ Егъэджэныгъэмкі Іэ департаментымрэ кьабгъэдэкІыу, абы зэпеуэм хэта еджакІуэхэмрэ абыхэм я егъэджакІуэхэмрэ фІыщІэ яхуищІащ, узынщагъэ, екъулІэныгъэ, зэфІэкІ яІэну екъуэхьуащ. Зэпеуэм щытекІуа еджакІуэхэм щыхь тхыльхэр ираташ, еджакІуэ пашэхэм я егъэджакІуэхэмрэ (Ляшенкэ Л., Бэв М., Щхьэгъэпсо Ф., Азнаевэ Л., Кьыз Е., Текуевэ Е., Кикоть О., Каныгинэ Ф.) фІыщІэ тхыльхэмкІэ яхуэупсащ.

«Литературэ тхыгъэ» Іыхьэм пашэ щыхьэхэщ гимназие №1-м и 11-нэ классым щеджэхэу Вишняков Артёмрэ Мэремщауэ Алинэрэ, Шэрлокьуэ Тамерлан (Къэбэрдей-Балькъэрым и «УхуакІуэ Колледжым и студент), Щхьэгъэпсо Азэмэт (гимназие №29).

«Плакат» Іыхьэм нэхьыфІу кьышцалъытащ школ №32-м и еджакІуэхэу Ахмедовэ Маликэрэ ГъуакІэл ФатІимэрэ, Къуэшыкьуэй Елизаветэ (гимназие №29), Ганицкая Марие (школ №25), Киреевэ Валерие (школ №30).

«Социальнэ проект» Іыхьэм зэпеуэм и кьэпщытакІуэхэм увыпІэ зыми щыхуагъэфэщакьым. «ديнымрэ зэрыпытымрэ» зэпеуэм и «Литературэ тхыгъэ» Іыхьэм Вишняков Артём и Іэдакьэ кьыщІэкІар зэхьэзэхуэм и республикэ Іыхьэм хагъэхьэну унафэ ящІащ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.
Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

●ديнымрэ зэрыпытымрэ

Хабзэ дахэ мэхъу

Еджакіуэхэр ягъэлъэпІащ.

Хабзэ дахэ хьауэ, 2008 гъэм щыщІэдзауэ Налшык кьалэ администрацэмрэ Егъэджэныгъэмкі Іэ департаментымрэ «ديнымрэ зэрыпытымрэ» республикэ зэпеуэр кьызэрагъэпэщ. Кьалэм щекІуэкІа зэхьэзэхуэм кьрикІуахэр наІуэ кьэхьуащ, абы щытекІуа еджакІуэхэр ягъэлъэпІащ.

ЗЭПЕУЭМ и кьэпщытакІуэ гупым хэтащ Налшык кьалэ администрацэм щІалэгъуалэ Іуэхуэхэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмкІэ и кьудамэм и унафэщІ **Бахтиаровэ Евгение**, Егъэджэныгъэмкі Іэ департаментым и методистхэу **Середа Валентинэ** Іуэтхэ **Асльэнрэ**, Налшык кьалэ администрацэм щІалэгъуалэ Іуэхуэхэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмкІэ и кьудамэм и унафэщІ **Зэхьуэкъу Валерэ**.

Налшык кьалэ администрацэм и Іэтащхьэм и кьуэдзэ **Дол Анжелэ** жиІащ зэпеуэр Іыхьишу гуэшауэ зэрыщытар («Литературэ тхыгъэ», «Плакат», «Социальнэ проект»). Налшык кьалэ администрацэмрэ Егъэджэныгъэмкі Іэ департаментымрэ кьабгъэдэкІыу, абы зэпеуэм хэта еджакІуэхэмрэ абыхэм я егъэджакІуэхэмрэ фІыщІэ яхуищІащ, узынщагъэ, екъулІэныгъэ, зэфІэкІ яІэну екъуэхьуащ. Зэпеуэм щытекІуа еджакІуэхэм щыхь тхыльхэр ираташ, еджакІуэ пашэхэм я егъэджакІуэхэмрэ (Ляшенкэ Л., Бэв М., Щхьэгъэпсо Ф., Азнаевэ Л., Кьыз Е., Текуевэ Е., Кикоть О., Каныгинэ Ф.) фІыщІэ тхыльхэмкІэ яхуэупсащ.

«Литературэ тхыгъэ» Іыхьэм пашэ щыхьэхэщ гимназие №1-м и 11-нэ классым щеджэхэу Вишняков Артёмрэ Мэремщауэ Алинэрэ, Шэрлокьуэ Тамерлан (Къэбэрдей-Балькъэрым и «УхуакІуэ Колледжым и студент), Щхьэгъэпсо Азэмэт (гимназие №29).

«Плакат» Іыхьэм нэхьыфІу кьышцалъытащ школ №32-м и еджакІуэхэу Ахмедовэ Маликэрэ ГъуакІэл ФатІимэрэ, Къуэшыкьуэй Елизаветэ (гимназие №29), Ганицкая Марие (школ №25), Киреевэ Валерие (школ №30).

«Социальнэ проект» Іыхьэм зэпеуэм и кьэпщытакІуэхэм увыпІэ зыми щыхуагъэфэщакьым. «ديнымрэ зэрыпытымрэ» зэпеуэм и «Литературэ тхыгъэ» Іыхьэм Вишняков Артём и Іэдакьэ кьыщІэкІар зэхьэзэхуэм и республикэ Іыхьэм хагъэхьэну унафэ ящІащ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.
Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

ТкІийуэ кІэлъоплъ

● Налшык

Налшык и тепльэр ирэрытагъуэ йофІакІуэ икІи абы прогушхуэ кьалэдэсхэм я мызакьуэу, ди республикэм щыпсэу дэтхэнэри.

ПЛИТКЭ зэмыфэгъуэхэмкІэ кьэщІыкІа утхэмрэ лъэс лъагъуэхэмрэ, кьэуэ екІуэр - псори дызыщыгуфІыкІыпхъэ защІэщ, ауэ гурыуэгъуэйр а дахагъ псоми зи Іэр хуекІуэ зэхэзыкьугъэхэмрэ зэхэзыдыгъуэхэмрэ кьызэдикІырщ.

«Къэхьыну сыхуейщ мыпхуэдэ зы щапхъэ: 80 гъэхэм Нэгуэмэрэ Толстойм я щІэхэр зезыхьэ уэрамитІ зэхуакум дэт сабий стадионым и гупэ кьут парк щыкІыр ехьу гъущІ хьар гъэщІэрэщІэхэмкІэ кьагъэувыхьауэ щытащ. Ноби ар ящыщщ: лъэхъэнэ блэжьам кьэщІэнэкІа дахагъэхэм. АтІэ сыт идкьыпсту тІыагъур?.. Ди жагъуэ зэрыхъэнщи, а хьар дахэхэм ящыщ куэдыр хадыгъуэкІащ, ар зыІыгъ бетон гъэжа нэгъунэ якъутэурэ. Ахэр хэти гъущІ ІыхьапІэм ехь, хэти унэм кьыщегъьсэбэп. ТІум щыгъэмэн, ар икъукІэ кьемыззэгъщ икІи цІыхугъэшащгъэщ.

Мы Іуэхумкіэ дэ щапхъэ тетхыпхъэщ Ёвропэм и къэралгъуэхэм я кьалэхэр дахэу, кьабзэу зэрызэрахьэмрэ я дэтхэнэ зы цІыхури а Іуэхум жэуапыныгъэ ин хэлъу зэрыбгъэдэтымрэ. Дыщыгугъынщ дызытехьа итьэсыщІэм я мыхьымыщІагъэхэр зылэжьхэм я зэхэщІыкІым фІы и пъэныкьуэкІэ зихьэжьыну.

Налшык кьалэ администрацэм и зэфІэкІ псори ирихьэлІэнущ ди щыхьэрым и тепльэр нэхьри егъэфІэкІуэнымрэ нобэ дИз дахагъэр хьумэнымрэ.

ХЬЭХЪУПАЩІЭ Хьэзиз,
Налшык кьалэ администрацэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

ЩІыуэпсым и макъ

● КъБР-м и Парламентым

Зэдэлэжьэн зэрыхуейм къыхураджэ

Гъэбжьамиклэм КъБР-м и Парламентым щыізэхэтащ «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм хэгъэщхьэхуГлаУэ яхъумэ, щІыуэцым и дежкІэ мыхьэнэ ин зиІэ щыпІэхэм (мэзгъэфІэнхэм) щІэнцІэнэ лъэныкъуэкІэ зашІэгъэкъуэн: щытыкІэр, къыпэщылъ къалэнхэр, къыпэплъэр» зыфІащэ зэхьыхьэ. Ар иригъэкІуэкІащ республикэм и хабзэгъэув ІэнатІэм егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и комитетым и тхьэмадэ Дадэ МуТеД.

ЗЭУЩІЭМ и пэщІэзэныгъэ Тембот Асльэнбий и цІэр зезыхьэ «Бгылъэ щыпІэхэм я экологиемкІэ» институтым и унафэщІ Тембот ФатІимэт кІэщІу къытеувыІащ Кавказ Ищхьэрэм нэхъ тегъэчыныхьауэ щахъумэ щыпІэхэм щыщыІэ щытыкІэм. Абыхэм яхэтщ щыуэпсым кьыщихьу-кьыщыщІэхэм кІэлъыплъыныжкІэ зи лэжьыгъэр нэхъыфІу зэтеувахэри, зыхуей-зыхуэфІхэмкІэ зи Іуэху нэхъ зэхІэлъымыкІуэхэри. Псалъэм папщІэ, «Кавказ мэзгъэфІэным» Адыгэ Республикэм щиІэнкьуламэм хиубыдэ Лагъэнакъэ (Лагонаки) бгыщхьэ тафэм дыкъэзыухъуреихь дунейм и щытыкІэр кьыгъэращытэ станцыр 10 итмэ, ди республикэм щыхагъыщхьэхукІа мэзгъэфІнхэр абы и лъэныкъуэкІэ иригъуэ кьызэгъэщауэ пхужьІэнуКым.

ИужькІэ псалъэ иратащ «Іуащхьэмахуэ лъапэ лъэпкъ парк» управленэм и унафэщІым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ **Чочаев Малик**.

- Ди щІыналъэм и мэзгъэфІэнхэм яхэтщ, щІыуэпсыр хъумэным теухуа Іуэхуэгъуэхэм къищынэмыщІа, республикэм и экономикэм, туризмэм пыщІа лэжьыгъэхэр щрагъэкІуэкІхэри, - жиІащ абы. - Ди жагъуэ зэрыхьунщи, абыхэм яхэбгъуэтэнщ, зэрыщытын хуей жыпхъэм зэрырамыгъуэвэм кьыхэкІкІэ, дыкъэзыухъуреихь дунейм хъумэным теуХуауэ я кьапэщылъ кьалэнхэр нэгъэсауэ зыхъэмыгъэзащІэм и щыхъуэсыгъуэр, ахэр мылькуэ ахъшэкІэ иригъэкІуэкІ кьызэрызмыгъэпэщащ хъэзыхьхэри. АбыкІэ арэзыкьым ЩІэныгъэхэмкІэ Урысей академием и Къэбэрдей-Балькъэр щІэныгъэ центрым и лэжьакІуэ **Кюль Еленэ**.

- СызэрепТымкІэ, щІыуэпсыр хъумэным телажьэ Іуэхуэ ІапІэхэм я Іуэхуэхэр зэрыхуейм хуэдэу щІызэтемыувэр ахэр мылькукІэ кьызэрызэмыгъэпэщам и закъуэкъым, - жиІащ абы. - Абы и щхьэусыгъуэр зэхэгъэкІа хъуи пащІэ, геологическэ экспертизэхэр егъэкІуэкІын хуейщ. Кьыхэгъэщыпхьэу кьызэлытэ, иджыри кьызэдэсым ІэхъуэгъуэтегъэкІуэ дытепсэлъыхь фІэкІа, дыкъэзыухъуреихь дунейм кІэлъыплъымыкІэ ди республикэм и организацэхэм я Іуэху зыІутми нэгъэсауэ дызэрыщымыгъуазэр.

Зэхьыхьэм кьыщыпсэлъащ «КъБР-м щыІэ экологие щытыкІэ» зэгухэзныгъэм и унафэщІ **Теркъуэ Залым**.

- Дыкъэзыухъуреихь дунейм и хъугъуэфІыгъуэ зэмылІэужьыгъуэхэр зэрыщытым хуэдэу кьызэтедгъэнэныр нобэ дэ кьытпэщылъ Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ, - жиІащ абы. - Ар пренсэущхьэ е ирекъэкІыгъо!

КЪУМАХУЭ Асльэн.

ЩІынальэм и зэхэлъыкІэр къэзыгъэлъагъуэ псалъэхэр

Къуае - ущ, пабжьэ, чыцэ мэзкІэ зэщІэкІа къуэ зэв куу, щыхупІэ зиІэ. - «Пхъафэр зи шырыкъужьыр къуаем къыззрыдох».

КущкІэ - Іуэху, чэнчэ дэха уэх, къуэ (лоЖбина, лощина, балка).

Къуащхьэ - къуэ, къуэкІий дэкІыр ищхьэмкІэ щиух щыпІэ. (верхний край балки, оврага).

Къуадагу - кьыдэкІыпІэ зимыІэ къуэ зэв (глухая балка, глубокий овраг).

Къуэдыдж - къуэ зэв куу, щыхупІэ куу (узкий глубокий овраг).

Къуэж - псым гуэж къуэпс (рукав реки).

КъуэкІий - къуэ дэха, дауда, къуакІэ (овраг, балка).

КъуэкІий нэф - къуэнэф.

Къуэладжэ - къуэкІий куу, щыпІэ дэдзыха, щіыху зэдэщымыІэ, здэкІуэзыуей, къуэкІий пхыдза.

Къуэтыгъэ - (*жьы хъуа псальэщ*) - зыгуэрым и кІыхьагъкІэ иирикІуэ дэтІыкІа; щыІт. (Щапхъэ: «Хадэ гупэм къуэтІыгъэ етІэкІын»).

Къуэшыхь - къуэ куу дэкІым и кІэух, лъэныкъуитІымкІи джабэ кьыІуту. (Щапхъэ: «Къуэшыхьым дек псыпэ кьыщыщІокІи»).

КъуэтІыхь - (*жьы хъуа псальэщ*) - быдапІэм и хъуреягъкІэ Іуащхьэ лъагэу къэтІэкІаУэ кьэкІуэкІ шытх. (Щапхъэ: «КъуэтІыхьым тету зыпплъыхьи»).

Къуиипс - мэздзгу адыгэхэм псыкъуийм щхьэкІэ зэрыжаІэр апхуэдэущ.

АБАЗОКЪУЭ Ахьмэд.

● Туризмэмрэ хьэрычэтымрэ

Хьэщіэхэм я фІыщІэ

Къэбэрдей-Балькъэрым Спортымрэ туризмэмкІэ и министерствэм иджыблагъэ иригъэкІуэкІащ ди республикэм иІэ щІыпІэ дахэхэр УФ-м щылажьэ трооператорхэмрэ турагентствохэмрэ нэхъыфІыу езыгъэщІыху, рекламэхъыбарегъащІэ мыхьэнэ зиІэ, зекІуэ зыубгъуа. Абы хэтащ туризмэм пыщІа хьэрычэтыщІэу 90-м щІигъу. Зэхьихьэр щытащ ди къэралым иужьрей илъэсхэм кьыщызэрагъэпэща абы хуэдэ Іуэхугъуэ нэхь ин дыдэу.

ТУРБИЗНЕСЫМ и лІыкІуэхэм я гъуэгутехьэр КъБР-м и кьалащхьэм дэт «Налшык» курортыр зэгъэщІыхунымкІэ кьыщІадзащ. Ялэ щыкІэ аэзр щыІащ «Маяк» ОАО, «Чайка» санаторэхэм, «Синдикэ» отель-хьэщІэщым. Иужьрейм туристзэхэшэхэм щыгъуазэ зыщыхуащІащ зыгъэпсэхупІэм зы пІалъэм кьыригъбдзэ кьыщрагъэблэгъэфынур зыхуэдизым, Іуэхутхьбзэгъэ яхуэгъэзащІэм, цІыхухэм я узынщагъэр егъэфІэкІуэнымкІэ Іуэхущ Іапэм и зэфІэкІыр здынэсым, нэгъэщІэкэми.

Зекіуэм хэтхэм ди республикэм и кьалащхьэм кьыщыхуэзэрагъэпэща зэІуІэм кьыщыпсальэм, КъБР-м спортымрэ туризмэмкІэ и министр АфЫуэнэ Асльэн кьытеувыІащ УФ-м и адрей хэгъэгухэм елыгтаУэ ди щІыналъэм кьыщхьэщыкІыныгъэу иІэхэм, ди зыгъэпсэхупІэхэм цІыху нэхъыбэ кьеШэлІэнымк эи фейдэ хэлъ пІэнкьуэ псоми я акьыл зэхальхьэмэ зэрыпнэхьыфІым, нэгъуэщІхэми.

Абы иужьІэ, ГъэзэгУ зэрытехьэ гупым хэтхэм ШЭрэдж куеймкІэ яунэтІащ. Ахэр япэу кьыщыувыІащ иджыблагъэ кьыззэІуахагъащІэ «ЗэрэгъыкІ» щыпІапльэ-этнографие зыгъэпсэхупІэм. Абдежым абыхэм адыгэ шхыныгъуэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ уэздэ Іэнэ кьащыпэпльэу кьыщІэкІащ.

ЩэджагъуашхэкІ ныжьым, туристзэхэшэхэм «этнографие кьуажв» щыкІур кьыгъэкІуэкІ. Абыхэм ящыщ язынькьуэхэм Къэбэрдей-Балькъэрыр зэрацІыхуэр кІуэд щамэ, мыбы хуэдэ нэгъуэгъуэкьыпІэ-зыгъэзэхупІэ ди щІыналъэм иту иджыри кьыздэсым ящІакъым. ХьэщІэхэм кьыхагъэщащ дяпэкІэ кьызэрадрашэжьэну зыгъэпсэхуакІуэхэр япэ дыдэ здыІуащэну щІыпІэхэм мы «этнографие кьуажэ» щыкІыри эрращыщыр.

Абы иужьІэ зекІуэ гупыр Балькъэр Ипщэ кьуажэм декІуеящ. ХьэрычэтыщІэхэм яфІэтелъыджэу кьрагъэпльыхьащ курыт лІэщІыгъуэм мы щІыпІэм щыпсэуа цІыухэм кьащІэна чэщанэхэмрэ быдапІэхэмрэ, кхъэ папщІэу кьагъэсебэну щыта мывэ духэр, нэгъэщІ 12-рэ дакъикъэ 20-м зэ щыкъуухьащ, етІуанэу жэщыкум кьухьэжащ. Абы ипэкІэ Ном кьалэм щыпсэуХэм ящыщ щыпсэуХэм я Іуэхугъуэ дыдэ яльэгъуащ. Форбенкс кьалэм щыпсэу астрофизик Ниль Браун зэрыжиІэмкІэ, дыгъэр зы махуэм кьрифыбыдэу тІэу кьуэнэр телъыджэ дыдэщ.

УЭЛДЖЫР Заур.

Телъыджэ

Америкэм кьыщыдэкІ «Аляска» журналым зэритхьымкІэ, Кощебу кьалэм («Полярнэ уэрдыхьум» адэкІэ щыІэм) щыпсэухэм я нэгу щІэкІа телъыджэр къызыхэкІар щІэныгъэлІхэми кьахъэщІэркъым.

ДЫГЪЭР абы сыхьэт Іуэгъуэкіэ зэхэуХуэна тхьпхъэщІыпхъэхэм кьарыкІыр зэхэбгъэкІыну тыншкъым.

Зи гугъу тщІы мывэ хьуреір дунейм кьыщытехьажар Пуапсы куейм хинбыдэ Агуий-Шапсыгъ кьуажэм и Іэгъуэблагъэщ. Мывэрэ пшахъуэу, ятІагъуэу зэхэлъ, метри 5 зи Іуваръ щІыр зэбгратхьэу кьагъуэтыжа испыунэ щыкІым и кІуэщІым ар щІэлъащ. Тхьідэм и щІэин апхуэдэ хьэпшып ІыапІэр, цІыху емыІусэу, ди лъэхъэнэм кьыззэрысар гъэщІэгъуэнщ. Хуэбгъэфащэ зэрыхьунымкІэ, илъэс мини 4 ипэкІэ мы щІыпІэм щІыр щыхъхеяуэ кьыщІэкІынущ. Абы и фІыгъэщ испыунэр щІэхъуащуэ зэрыщытари.

- Дэ кьызэрыгъпытэмкІэ, ялынькьуэ нагъыщІэхэм дыгъэмрэ мазэмрэщ кьарыкІыр, ешы мывэ пхъэмбгъури ГъуэзэрыпІпъэ (астральнэ) хьэпшыпу щытагъэнущ, - кьыпещэ адэкІэ и пСалъэ Трифоновым. - Ар нэгъэсауэ гурыІуэгъуэ щыхъунур, тхьпхъэщІыпхъэ псоми деджэф хьуа нужьКІэщ. Абы папщІэ дэ кьэдгъэсэбэнымэ ди мурадщ мы щІыпІэм ижькІэрэ щыпсэу абхъэадыгэ лъэпкъхэм я бзэхэри.

Тхьідэм и щІэин хьэпшыпым сантиметр 27-рэ и бгъуагъщ. Абы тещІыхьа нагъыщІэхэм кьарыкІыр зэхэгъэкІыным щІэныгъэлІхэр нобэми йолэкъ.

БЭРАУ Бышэ.

● Іуэху еплъыкІэ

ЩІыпІэцІэхэм дахуэвгъэсакъ

Балькъ псыхъэщхьэкІэ Іуащхьэмахуэ лъапэ кьыщыщІэж псы хуабэхэм я гугъу щащІкІэ, зэгурыІуэ фІэкІа умыщІэну, хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэм я лэжьакІуэхэм цІыху кьыззэригъэкІхэми и нэхъыбэм кьагъэсэбэпыр къэрэшей-балькъэрыбзэм кьыхэкІа «Джилы-Су» псалъэрц.

«Яраби, ди лъэпкъэгъуэхэр псынэ телъыджэхэм зэреджэу щытар дапхуэдэу пІэрэт?» упщІэр кьоуув. АтІэми, тхьідэ мыжьжьэм кьызэрыхэщыжьмкІэ, Іуащхьэжь уардэм и лъабжьэм зэкІэлъхьэужьу кьыщыщІэж псы хущхьуэхэм кьагъэщІыпІа къущхьэхуу хъупІэхэр илъэс миным нэблагъэкІэ зи Іэмыщ1э ильар кьэбэрдеипщхэращ, а пІалъэ кІыхьым кьриубыдэу я щІыпІэм нэхъ щызэхэкІуери адыгэхэмра абыхэм благъагъэкІэ кьабгъадыхэ, бзэкІэ ятІогъэнэгъу абазэхэмрэщ.

Иджыблагъэ си деж хъэпсэльащ Балькъ псыхъэ зыдэзыуфэбгъуэ Къармэхьэблэ (Каменномост къуажэ) кьыщыхуэ, си ныбжьэгъу Бышэнхэ Хьэбас. Кьыхигъэщащ зэригуапэр щІыуэпсым дызэрытетхьыхьыр, щІыпІэцІэхэм я кьежьакІэ хъуам я гугъу зэрытелъыр.

- Мы псынащхьэхэм я гугъу щащІкІэ, сызэрыщІыкІырэ ди адэхэм жаІэу зэхэсхьу щыпІат "Псыхущхьэ" псалъэрц, - игу кьегъэкІыж Бышэнхэм. - Ауэ адыгэ лъэпкъым и тхьідэм фІыуэ щыгъуазэ Щокъуий Хьэсен псы хуабэхэм «Таучэшхэ я псынащхьэкІи» еджэу щытІуэ кьеІуэта.

Хьэбас и гукъеуэр кьыскІэрыхъэжьВаУэ сызідэщысым, «Иджипсту сыт узытетхьыхьр, Асльэн?» - жиІэри, си лэжьэгъу Хьэжькъарэ Алик кьызэупщІащ.

- «Джылы-Су» цІэр зытеІуа псы хуабэхэм адыгэбзэкІэ зэреджэу щытам, - естыжащ жуап.

- «Псыхущхьуэра» зи гугъу пщІыр? - Іупщі зыщищІащ Хьэбас.

- Іэу, уэри дэнэ а псальэр щыхэхар? - згъэщІэгъащ сэри.

- Кьущхьэхъу лъэныкъуэмкІэ Іуащхьэмахуэ лъапэ кьыщыщІэж псы пщтырхэм зэрысщІэжрэ ди Іэщыхьуэхэр зэреджэу щытар аращ, - кьыспидзыжащ си лэжьэгъум.

Мы тхыгъэр зытх сэ, курыт адэжапІэр кьызэрызуХэр, адыгэ щІыпІэцІэхэм я кьэжьакІэ хъуам сыдрехьэ, а щІэныгъэм елэжь щыхуэм я Іэдакъэщ1эмкІэ щІэк-щІэкІнурэ, соджв. «Дзыытепсэльхьыхьм теуХуауэ зыгуэр кьизмыгъуэтэну пІэрэ?», - жысІэри, щІэныгъэлІ Кіуэкіуэ Жэмалдин 1974 гъэм кьыдигъэкІа «Адыгская (Черкесская) топонимия» и тхьылъыр кьызэгуэсащ. Абы и 250-нэ напэкІыщІым згъэщІагъуэу мыпхуэдэ псальэхэм сыщрохьэлІэ: «Псыхущхьуэ (Псыхушхо) - «вода целебная» - у истоков Малки (Горячий ключ)». Зи гугъу ищІыр, дауи, кьызэрывгурыІуащи, Балькъ псыхъэщхьэкІэ Іуащхьэмахуэ лъапэ кьыщыщІэж псы хущхьуэхэращ.

КІуэ пэтми нэхъри нэхъ цІэрыІуэ хуэ псынащхьэхэм адыгэхэр зэреджэу щыта псальэ псори дя иджыпсту кьытхуэзугъуеижьныкьым. Ауэ щыхъьхи, мы зы гъуэгукІэ дэ нэхъ зытедгъэщІну тфІэзгъуэгъэр КІуэкІуэ Жэмалдин кьихьа «Псыхущхьуэ» - фІэщыгъэгъэр. Ар дыдэращ Бышэн Хьэбасрэ Хьэжькъарэ Аликрэ щыхьэт зытехъэри.

Си щхьэкІэ кьызэольэтэ адыгэхэр а щІыпІэм зэреджэу щыта «Псыхущхьуэ» псалъэр «Джилы-Су»-м нэхърэ мынэхъкІэу. Абы и щыхьэтхъэ кІаХэ адыгэхэр, уфыкІэр, абазэхэр щыпсэуу щыта щІыгуфыкІым ди лъэпкъэгъуэм я бзэм кьыхэкІаУэ зи гугъу щІы щІыпІэцІэм хуэдэхэр ноби кьуэма зэрыщыкъуар?! Апхуэдэхэщ, псалъэм папщІэ, Псыбей, ТІуапсы, Псыдыдж, Псыбэпс, Псыкъэ, Псышхуэ, Псынэдзхэ, Псэм и Іуащхьэ фІыщыгъэщІэр.

ЩІыпІэцІэхэр щаІэщІэхуж кьэхъуми, щІыналъэр зейуэ щыта лъэпкъым ижькІэрэ кьигъэсэбэпу щыта фІэщыгъэхэр дунейм кьыщыгъэхьэж щапхъэхэри гъунэжщ. Ди кьыкІэлъыкІу тхыгъэхэм абыхэм я гугъу щыфхуэтщІыну ди мурадщ.

ХЬЭТЫКЪУЭ Щауапащэ.

● Псэущхьэхэм я гъащІэ

Мэз бабыщым сытекІуадэрт

Сэ щІыуэпсыр фІыуэ сольагъу, язым сыкъеІытагъу. Псалъэм папщІэ, гъавэ бэгъуакІэ сегъэгуфІэ. 2010 гъэм сэ Іэгъэбзэну къэзгъуэтащ, и къэпсыгъэр килограммми 3-рэ грамм 200-рэ хъууэ. Нэгъабэ кьыскуэкІа къэбым килограмм 25-рэ грамм 700-рэ кьыщыкІ. Гъэ блэкІам си хадэм щІымахуэ балыджэ бэгъуа къыщецхьэлІэжащ. Абыхэм ящыщ зым килограммрэ грамм 800-рэ и хьэлъагъуэ кьыщІэкІащ. Бжьыхьэм губгъуэм кьыщысщыпа дэшкуэм псори зэхэту и хьэлъагъыр килограмм 300 махъу. Ауэ иджы кьэсІуэтэнур нэгъуэщІ кьыбарц.

НЭГЪАБЭ Нарткъалэ и махуэр ягъэлапІэрт. Абы ахьэлІэ гуфІагъэу зэхьыхьэхэм сыхэта иужькІэ, Комсомольскэ и щІэр зезыхьэ зыгъэпсэхупІэ хадэмкІэ сыкІуащ, жэп кьехэри, хьэщыбанэ, пыжь, барбарис, хьэмкІыгІ хуэдэхэр кьэсщыпкьи мурад сиІэу. Сэ а пхъэщхьэмыщщхьэхэр согъэгъущи, абыхэм хьащиЖьмыщ шей папщІэу софэ. Сыт и лъэныкъэкІи хущхьуэщ, сэбэщ.

Парным и кІэм иІэ хуэзкІийм метри 5-э и куугъащ, псы цІыкІуи щожэх. И Іуфэр удз зэмылІэужьыгъуэхэм зэщІаблащ, адэкІэ-мыдакІэ зэхэту кьамыл пурэнэхэри щыбольагъу. Абыхэм ящыщ зым зэрызыкъэгъэхьейм гу лъыстащ. Сыплпэмэ, мэз бабыщ гуэр кьыхэлъэтыкІыну кьоІэ, йохуэжьж.

Кьуэм зыдЫэодзэри, бабыщымкІэ сопхъэ, къыдэсхьну яжь сохьэ. Сытуи дахэ! КьызэрысфІэщІамкІэ, и хьэлъагъыр килограммми 3-м щІигъунут. Іэ сэмэгухІэ ар быдзу сІыгъыу, ижьымкІэ удэхэм запысщІэурэ, кьуэм сыкъыдокІыжж.

КІуэрыкІуэм тету си щхьэр кьызоІэтри, джабащхьэм тету зы бажэшхэ гуэр кьызолъагъу. Си нэ пІльэгъуэм пэпІъэ фІэжІэ уямыщІану, сызэрыпуплъэу ар кьыстолъэ. Кьэхъуар зэрызгъэщІэгъуэнур сымыщІэу, мыдрей лъэныкъэмкІэ кьыкьхуэхуэтыкІа етІуанэ бажэри кьызопхъэ.

Сыгуэбея щхьэкІэ, псэущхьэхэм закъыІэрызгъэхьэркъым: зэм адэкІэ зызодз, зэми мыдэкІэ зыкъыодзыж. Кьыстэрэрыкьар зи щІысыр зыгурызгъэІуэну сыхэтщи, кьуэм и бгъуитІыр псынщІэу Іэсыоплъыхь. Гу лъыэотэ абы и Іуфэ кьэс бажэ тІурытІым зэрыльгъуф. Етхуанэр, жаг щІагъ кьудамэм тесщи, кьоплпъыхь. «Мыбыхэм я мурадыр кьызгурыІуащ, - жызоІэ сигукІэ. - Я «къапхъэным» сихуауэ зращ. Зыхсхужьмыщи, сэм, баш, мывэ сІыгъкъым. СыпщІанэщ, кьуагъуэм ещхьу. СыкІийми, цІыхухэм сызэхахьнукъым».

Бажэхэр гъэрыгъуэурэ кьызбгъэдолъадэ, кьызоІэстхъ. Насыпыжьыр сиІэти, гъэунщэдж лъабжьэм щІагъщІэль кьыщІэльт. Армыхъуамэ, псэущхьэ бзаджэхэм си щыІфэр кьратхьыпэну кьыщІэкІынт. Абы нэзмыгъэсу дапхуэдэу защыхъумами, сщыІэ тІэкІур сщатхъ.

Кьыстезэрыгуахэр зыхуэйр си щхьэм кьысхуигъэтІасэркъым. Іусхужьнущи, сыт си Іэмал? Іуфкіыбзэіуххэм полицейскэ кІэфий эррахэлъыр сигу кьэкІыжащ. Псэущхьэхэр абыкІэ Іэзогъэщт щыжьисІэм, кьэхъуар зэгъэущІ; альпандэрэ зы дакьикъэм зы бажэ кьыстеуэу щытамэ, фиин зэрезгъажьэу, кьыстелъэжэр тІурытІ зэрыгъэхъащ. Кьызодзакъэри, модрей джабэм тоувэж, абыхэм яужь ity мыдрей тІур кьыстоуэ.

Фи фІэщ хъун, сэ Іэджэми сегупсысащ: «мопхуэдизрэ арэзм си гъащІэр щыхьауэ, си щыпІэми ерагъкІэ Алыхьым сыкъихьыжауэ, мыпхуэдэ мыхьэнэншэ гуэр дапхуэдэу защыхъумами, сщыІэ тІэкІур сщатхъ.

Кьыстезэрыгуахэр зыхуэйр си щхьэм кьысхуигъэтІасэркъым. Іусхужьнущи, сыт си Іэмал? Іуфкіыбзэіуххэм полицейскэ кІэфий эррахэлъыр сигу кьэкІыжащ. Псэущхьэхэр абыкІэ Іэзогъэщт щыжьисІэм, кьэхъуар зэгъэущІ; альпандэрэ зы дакьикъэм зы бажэ кьыстеуэу щытамэ, фиин зэрезгъажьэу, кьыстелъэжэр тІурытІ зэрыгъэхъащ. Кьызодзакъэри, модрей джабэм тоувэж, абыхэм яужь ity мыдрей тІур кьыстоуэ.

Фи фІэщ хъун, сэ Іэджэми сегупсысащ: «мопхуэдизрэ арэзм си гъащІэр щыхьауэ, си щыпІэми ерагъкІэ Алыхьым сыкъихьыжауэ, мыпхуэдэ мыхьэнэншэ гуэр кьызоІэ ешыкІуэ зызгъэкІуэдыжьину», - жысІэуэрэ.

Сыдэлъейуэ, сыкъелъхьыху, зыкъеэгъэкІэрэхъуэкІыуэрэ сызідэщыстьи, си къарур зэ мащІэ хъунтэкъэ, «уэлэхъэ, сэ нэгъэущІ Іэмал зыгъэпсэхупІэ хадэмкІэ сыкІуащ, си щхьэкІэ сегъэгъущи, абыхэм кьызоІэтри, зэрыслъэкІкІэ псы ежэхымкІэ содз.

Еуэй, абы си щхьэм зэрыхуэмыкІуа! Иджыри кьыздэсым арати ахэр зыууэр! - жызоІэри си гур зобгъэж.

АфІэкІа хэлъакъым: бажэхэм сэ сакъыфІэмыуэхужу, си бабыщжь мыгуэмкІэ задз. Сэри кьуэм щхьэщыт джабащхьэм сыкъыдопщеижри, парким хэт ресторанымкІэ соунэтІ. Мо зэрыкьэзрий сыздыхэтам псы схуигъэлІат. Іуэхущ1эпІэм и уэнэм сыщІыхьэну сыкІытэрт: си гъэр зэрыпхуэри си щыгъынхэр зэрызэхэчэтхъари зыдэсщІэжьырт. Ауэ армэм сызыпхъэкІа зауэлІ гъэпсыкІэр зэбэп кьызэрысхуэхуэжьмкІи, щхьэкІэ зэрыгъэкъым: псэущхьэхэр си щІыфэм нэзгъэсакъым. Абы щхьэкІэ сигуфэрт, Тхьэми фІыщІэ хуэсщІырт.

Буфетым дэт бзыльхугъэм гу кьыщысльитэм, псы стэчан щхьэкІэ зыгъэщІащ. КьызэпІа иужь, жеІэ:

- Уэзфар пФІэмащІэ?! Іукі! ЗэпІъыжьыт! Щхьэ умыцкІытэрэ? Уздэщыіам кІуэж.

Си тепІэр укІытэгъуэти, щыхуэм закъызэреэмыгъэльэгъанурэ сыхуцІэкъуурэ, хуэмуэрэ си унэмкІэ секІуэкІыжащ. СыкъыщыкІуэжым сегупсысыр: «Алшагъыр Исуф зэбэнар зы хьэкІэхъуэкІэщ, абы щыгъуэми сэ иІыгъащ. Сэ кьыстеуа псэущхьэхэр тку хьурт: абыхэм я лъэбжьани 100-мрэ я жьэхэм жьэдэт дзэпэфІанэхэмрэ сакьелакъэ!? Мыщхьэми зыгуэр кьыІущІэкІауэ жаІэ. Абы Урысейм и ПІыхьжь щІэр фІэзгъэщІыну, сэм, баш, мывэ зрезгъэтІыжьынт. НыбжькІэ ильэс 75-м сынэсауэ, зыри симылажьэу, а хьэІуцыдэ «заузшхэм» Алыхьым сыкъызэрихицам папщІэ...

МЭРЕМКЪУП Лиуан.

Напэкіуэціыр зыгъэхьэзырар Къумахуэ Асльэнщ.

Испы-унэ: щІэин хьэпшып

● Тхьідэ

ЩІэныгъэхэмкІэ Урысей Академием материальнэ щэнхабзэм и тхьідэмкІэ и институтым хьыбар зэбгригъэхащ, Санкт-Петербург щыщ археологхэм жэз (бронзэ) лІэщІыгъуэм и лъэхъэнэм псэуа щыхухэм я хьэдэкъупщхьэхэмрэ укьыззэмыдажьыф тхьпхъэщІыпхъэхэр зытет мывэ джафэ хуьрейм зэрыщІэтЫ испы-унэ КъухьэпІэ Кавказым кьыззэрыщагъуэтам теухуауэ.



- АПХУЭДЭ кьызэрыдэхуІар гъэщІэгъуэнщ, - жеІэ Трифонов Виктор. - ЩІытІ лъэкьыгъэхэр щедгъэкІуэкІым нэхъыбэу дызыщыгугъар, зэман жьыкъэм псэуа щыхухэм я гъащІэм ехьэлІауэ, дапщэщи дызрихьэлІэ хабзэ, зэпэщхьэ кьызэрыгуэкІэр кьэдгъэуэтынкІэ. Нагъыщ мыгурыІуэгъуэхэр зыпхьыгъэмба мывэ пхъэбгъу хьурейр телъыджэщ. Ауэ дызыщымыгуаз лъэпкъым кьызэрыщІэкІ. Абы папщІэ дэ кьэдгъэсэбэнымэ ди мурадщ мы щІыпІэм ижькІэрэ щыпсэу абхъэадыгэ лъэпкъхэм я бзэхэри.

Тхьідэм и щІэин хьэпшыпым сантиметр 27-рэ и бгъуагъщ. Абы тещІыхьа нагъыщІэхэм кьарыкІыр зэхэгъэкІыным щІэныгъэлІхэр нобэми йолэкъ.

БЭРАУ Бышэ.

Щ1ынальэм и зэхэлъыкІэр къэзыгъэлъагъуэ псалъэхэр

Къуае - уадэ, пабжьэ, чыцэ мэзкІэ зэщІэкІа къуэ зэв куу, щыхупІэ зиІэ. - «Пхъафэр зи шырыкъужьыр къуаем къыззрыдох».

КущкІэ - Іуэху, чэнчэ дэха уэх, къуэ (лоЖбина, лощина, балка).

Къуащхьэ - къуэ, къуэкІий дэкІыр ищхьэмкІэ щиух щыпІэ. (верхний край балки, оврага).

Къуадагу - кьыдэкІыпІэ зимыІэ къуэ зэв (глухая балка, глубокий овраг).

Къуэдыдж - къуэ зэв куу, щыхупІэ куу (узкий глубокий овраг).

Къуэж - псым гуэж къуэпс (рукав реки).

КъуэкІий - къуэ дэха, дауда, къуакІэ (овраг, балка).

КъуэкІий нэф - къуэнэф.

Къуэладжэ - къуэкІий куу, щыпІэ дэдзыха, щіыху зэдэщымыІэ, здэкІуэзыуей, къуэкІий пхыдза.

Къуэтыгъэ - (*жьы хъуа псальэщ*) - зыгуэрым и кІыхьагъкІэ иирикІуэ дэтІыкІа; щыІт. (Щапхъэ: «Хадэ гупэм къуэтІыгъэ етІэкІын»).

Къуэшыхь - къуэ куу дэкІым и кІэух, лъэныкъуитІымкІи джабэ кьыІуту. (Щапхъэ: «Къуэшыхьым дек псыпэ кьыщыщІокІи»).

КъуэтІыхь - (*жьы хъуа псальэщ*) - быдапІэм и хъуреягъкІэ Іуащхьэ лъагэу къэтІэкІаУэ кьэкІуэкІ шытх. (Щапхъэ: «КъуэтІыхьым тету зыпплъыхьи»).

Къуиипс - мэздзгу адыгэхэм псыкъуийм щхьэкІэ зэрыжаІэр апхуэдэущ.

АБАЗОКЪУЭ Ахьмэд.

● КъБР-м и Парламентым



Унагъуэ насып

●ГъащIэ

ШкIэжьхэ Мухьэмэдрэ Тамарэрэ

Жылагъуэ мухьэмэдрэ ныкъо хьэпIэ бэм гъуазэрэ щапхъэрэ ящхъуэхъуа унагъуэ щышцкъэхэм. Апхуэдизхэм я гъашIэм, я псэукIэм, ящхъуэхабзэм гущыкIэлъапIытIкIэ, сыт щыгъуи ядэплъагъунущ зыми емыщхь дахагъэрэ хьэщыкъ узыщI гуапагъэ инрэ.

ПОБЭ зи гугъу фхуэтщIыну ШкIэжьхэ Мухьэмэдрэ Тамарэрэ фIыуэ къэзыкIыжьхэм кушцыгъуэтыгъуейщ. Абыхэм япэу я щIэ зыгъэIуар я къуажэ емыблэжкIэ кърахьэлIэ лэжьыгъэ купщIафIэрщ.

Гъуэгуанкъэм и цIэр зезыхьэ колхозым щыпэрытхэм хабжэу, Мухьэмэдрэ технорист ЗкIуэлъакIуэу къэгъуэгурыкIуащ. Жъуаплныгъэ ин хэлъу сыт хуэдэ къаэнрин зыгъэзащIэу илъэс 36-кIэ къезыхьэлIа щIыхур нобэ топсэлъыхьыжьа япэу къуажэм къыхухуэнкIуа «Беларусь» тракторым щытрагъэтIысхьа махуэм:

- ЩIымахуэ уаеи щыгу зэщIэщIакIэ, нэхъ нужьыIуэкIэ щхьэ зыгемыдзэ тракторкIэ бардэр фермэхэм етIэлIащ, гъатхэ-бжьыхьэ пхъэхнэхэм вэн-сэныр ди пщIэ дэтIыхьхэт...

Илъэс 13 фIэкIа хъуатэкым Мухьэмэдэ япэу колхоз лэжьыгъэ гугъум щыпэрыувам. Зэман дэкIри, щIыхьбэ хозяйствэр къэзыгъэзащIэм ныкъо ин гуащIэшхуэ хэзыльхьэ ныбжьыщIэм къэралым къыхуэпсэфощащ ВДПХ-м и домбеякъ медалыр.

ХадэхэкI бригадэм гъэжьа-ниншэ хъуа щыпхъу бынхэу зрашэлIаХэрщ. Мухьэдин, Мурадин, Володя сымэ маскьалIкIэ и бынхэм къыкIэрымыхуу зыпIа Тамарэ а щIалэхэри къыпIэдхэжащ гурыщIэ кьабзэрэ гупльитэ гъунапкъэнщэкIэ. Володя къэжэпхъыхуу япри, и адэр къыщыщIэупщIэм, иратыжащ.

-И анэр дунейм ехьжьын и пэ къызжиIат щалэ цыкIур зэрысабий пIыандэрэ кхъухьтьатэзехуэр хьуну зэрыщIэхъуэпсыр, - игу кьелэжкIыж Тамара, - икIи къызэпIэуат, Iэмал иIэххэмэ и мурадыр дэтIыгъыну». Зэманыр кьэсри, щIалэр и хьуэпсапIэм хуэрагъэджащ. Гъэжьэн щIидза нэужь Кьуей Володя и цIэ фIыкIэ фIэкIа зы махуи кьраIуакъым. Иджыпсту пенсэм щысщ. Мухьадин хабзэхъуэ Iэнатlэхэм щылэжьащ, Мурадин зи Iэм дыщэ къыпIащ гъэжьакIуэщ.

ПщIэрэ нэмысрэ зи унагъуэм ильу къэтэуэгурыкIуа ШкIэжьхэ я бини 10-ми нобэ яхэтхьым унагъуэ дахэ зымыкуэа, щIэныгъэ зыбгъэдэмышIэрэ къуэпкIыжьхарзынэ къезымыхьэлIэрэ. Борис, Хьэмэзэтхан, Залымхэн сымэ хьэрычэтщIапхъэхщ: транспортI Iэнатlэрэ дэрбзэр цехрэ къызэIуахьыжаХэу ягъэлажьэ. Экономист Iэщ Iагъэр зэзыгъэгъуэгъэ Резуан Нарткъалэ дэт абдж заводым, Майр районым и «Агросок» Iуэхущ-щапIэм унафэщI кьалэныр къыщIрихьэлIащ, мы зэманым ерыскьыхэкIхэм елэжьу Шэджэм дэт «Рада» ООО-м и Iэтащ щхьэ. Ахьмэдхан Плехановым и цIэр зэрихьэу Москва дэт еджапIэ нэхъыщIхэр къыуХащ, хьэрычэтыщIэщ, Амырхьанрэ зэкъуэшхэм я щыпхъу закъуэ Жаннетэрэ УФ-м налог инспекцэмкIэ и щIыналъэ къудамэу КъБР-м щыIэм къулыкъу къыщрахьэлIэ. Сыт щыгъуи кьахуэнэмысыфIэ, кьаХуэмыщIэ я нысэ щыкIыхэмкIи гуащIэхьэмадэр икъукIэ зэрэщIэ: «Зы нысэ сиIэкъым быным пэмыщIу, апхуэдизу дэтхэнэриديпу къыхэрыдыхьэным хущIокъурп», - мэгуфIэ гуащIэр. Мухьэмэдрэ Тамарэрэ кьуэрыпхъу-пхъурыпхъу бынхэу 31-рэ яIэщIи, я дэтхэнэри щапхъэ зыгъэкIым хуэдэщ.

Унагъуэ насыпмрэ ящыщхьэмахуагъэмрэ Тхьэм зыхуигъэфащэ зэщхьэгъуэсхэр зэрызэдэпсэуэрэ илъэс 60 зэрырикъур бынхэми, гъэпкIыми гуфIэгъуэ дауэдапщэкIэ я гъэпсынкIащ. Iэжьыгъэ гъуэгуанэ кIыхь кьезыхьэлIа, бынхэ зыпIу, гьуэгу тэмэм тезыгъэуа Мухьэмэдрэ Тамарэрэ иджыдбланэ зэкъуэкI администрацэм къыбгъэдэкIа фIыщIэ тыгъэ къратащ. Дэри дохьуэхьэу дадэ-нанэ Iуащхьэхэм узынщагъэ быдэ яIэу, гукъеуэнщэу иджыри илъэс куэдкIэ унагъуэм жьауэу ящыкъуэнтIыхэу.

ЛЪОСТЭН Мазэ.

«Адыгэ лъэпкъгъэкIуэдыр»

●Тхыгъэщ

Лос-Анджелес щыщ американщIэныгъэлI Уолтер Ричмонд «Адыгэхэм иращIылIа лъэпкъгъэкIуэд» и тхыгъэщIэр къыдэкIащ.

1864 - 2014

АРХИВ тхыгъэжьхэр къигъэсэбэпурэ, Ричмонд адыгэхэм я Хэкужьыр щIэщIэкIа нужьрей илъэхэри нобэрей я псэукIэри кьегъэльэгуэ, Кавказ зауэм и ужькIэ захъуэмэжьну зэрыхэтар, хэхэс гъащIэр зрекIуэкIыпIэ-ищхъэрэ Iуфэм Iус лъэпкъым и щIыналъэ щхьэхуиту щытащ. Щэ бжьыгъэм щIигъуэIарэ къыгъуэу-рэ, урысыдзэм адыгэхэр я Хэкужьым ирихури, Тырку щIыналъэм игъэIэпэхъащ. Щалъхуэ щIыпIэм мин щихьм нэблагъэн кьынами аращ, миницIэхэм я щIыналъэр ябгьнэн хуей хъащ. Зи ансамблхэм хэтхэр я кьафэхэмкIэ махуэщхьэр зыгъэльапIэхэм яхуэпсащ, саксофонымрэ (Байтемиров Сергей) кларнетымкIэ (Байрамов Исмэхьил) ягъэзэщIа макъамэр щIэщыгъуэ псоми ящыхьащ. Щоджэн Валерэ, Щэрхъ Любовь, Джатэтэжь Карин сымэ, ящIэуэщIхэми уэрэд жаIащ. Артист ныбжьыщIхэм игращ «Театр города Нарткалы» зытетха плIэхэр.

Нарткъалэ и театрым илъэс къэс щIалэгъуалэ 300-м мынэхъ мащIэм зыщагъасэ. Мы зэманыр кьапщтэмэ, абы ныбжьыщIэ 70 йоКIуалIэ. Илъэсым щыкIуэхэм спектакли 5 яхуогъэхьэныр, сабийхэр абыхэм щыджэгуэм и мызакъуэу, езыхэм я Iэкъ ягъэхъхэныр декорацэр. Театрым хэт ныбжьыщIэхэр мызэ-мытIэу лауреат щыхьащ «Iуащхьэмахуэм и вагъуэхэр» республикэ зэпеуэмэ Эстоние къэралыгъуэм, Брест, Минск кьалхэм щекIуэкIа сабий театр фестивалхэм. Апхуэдизуи ахэр хэтащ ныкъIуэхэм папщIэ траха «Под знаком коровы» фильмым.

СОКЪУР Римм.

«Сочэ хэкIуэ гъуэгум» зыфIища Iыхьэм Ричмонд къыщегъэльагъуэ щIымахуэ Олимпиадэр щекIуэкIыну щIыналъэм щыпсэуэр адыгэхэраци, а лъэпкъыр ягъэкIуэдауи утыкум щыжаIэну гугъэ зэрыщымыIэр. «Сочэ ихьуреягъкIэ пасэрей адыджхэр щыпсэуащ. Абы и къуршхэм языхэзым щIыхуэхэм мафIэ къахуэзыхьа Прометей кIэрагуIалуэ хъыбарыжъ щыIащ. Олимпи Джэгухэм я дамыгъэри мафIащ», - Путин Владимир мы и псалъэхэр тхакIуэм къехь, и Iуэху еплъыкIэр зэрыпэжым щыхьэт техьуэу.

ЧЭРИМ Марянэ.

●Хьуэхъу

***Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш къэрал университетым и профессор, техникэ щIэныгъэхэм я доктор, ЩIДАА-м и академик, КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Щомахуэ Лев Аслъэнджэрий и лъэужьым мы махуэхэм илъэс 75-рэ ныбжьыр игъэлъапIащи, дохъуэхъу.**

Пщlэ зыхуэтщI, щIэныгъэм и лэжьакIуэшхуэ Лев! Ныбжь дахэм зэрыгъэзар мы махуэхэм бгъэлъэпIащи, ди гум, ди псэм кьабгъэдэкIыу щIэныгъэ и лэжьакIуэ пэрытым дынохъуэхъу. Уи зэфIэкIхэм адэкIи хэхъуэу, ехьулIэныгъэщIэхэр зыIэрыбгъэхьэу, кьатщIэхъуэу щIэблэм я егъэджакIуэ-ущиякIуэу, гукъыдэжрэ дэрэжьагъуэрэ ущымыщIэу, зэфIэкI лъагэ зыбгъэдэзыщIа щIэныгъэлI щIэныгъэ хэлъ, хэкупсэ нэсым узынщагъэ быдэ уиIэу, насыпыфIэу иджыри куэдрэ адыгэ лъэпкъым, къэралым ухуэлэжьэну, илъэсищэ ящыщхьэ махуэм уиэсыну ди гуапэщи, Тхьэр фIыгъэкIэ къыпхуэпсэ.

ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академиер, Дунейпсо Адыгэ Хасэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэ.

● Щэнхабзэ

Зи Iуэхущ1афэр дахэ

Илъэс 34-рэ хьуащ Нарткъалэм и театрым зэрыщылажьэр. Илъэсыкъыр щедгъэжьаж щIышылэм и 13-м а Iуэхур зягъэлъапIащ.

ТЕАТРЫР кьыззыгъэпэща, илъэс куэд щIауэ абы зи гуащIэ езыхьлIэ, КъБР-м, ИР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ Саприкинэ Галинэ и гъэсэнхэм, лэжьакIуэхэм, кьалэдэхэм ехьуэхьуащ 2014 гъэр угъурлы яхуэхьуну.

Махуэшхуэм кьрихьэлIахэр едэIуащ артист ныбжьыщIэхэм жаIа илъэсыщIэ уэрэдым. Тухматулинэ Валентинэ кьеджащ совет, урысей актер Гафт Валентин театрым хунтха сценэм. Актерхэм теплъэгъуэ кIэщIи ягъэзэнащ.

«Нартхасэ», «Нарт шыр», «Дыгъэ шыр», «Вдохновение», «Дан-стен» сабий конструкцэ гугъу иIэу ягъэхьэзыра маркер щхьэхуэ льапIэ дыдэрт.

Къэрэндащым и куаупис плъыфэр 1851 гъэм хьихлъьащ Faber-Castell фабрикэм и тет гранф Лотар фон Фабер-Кастель. Апхуэдизу теплъэ зиIэ къэрэндащым уритхэну тынщ - Iэпхъуамбэхэр иригъэшыркъым. Зэпэзыгъэрей теплъэ зиIэхэм кьащхьэщыкIыну, ахэр ущытхэ стIолыщхэ джафэм тозагъэ.

Къэрэндащым щапхъэ тетхэ...

Къэрэндащым гу зылъытапхъэ фIагъыу плы хэлъщ. Ахэр цIыхум и хьэл-щIэм хищэфамэ, тынщу псэунут.

Ягъэр: утхэн щхьжIэ, къэрэндащым щIэх-щIэкIыурэ пыбупсыкIын хуейщ. Абы гугъуехь пыщIауэ щытынкIи хъунщ, ауэ итIанэ фIы дыдэу тхэнущ. ЦIыхури аращ. Гугъуехьыр ишэчыфу эргъасэмэ, нужьым абы хьер кьыхуэхьащхьыну.

ЕтIуанэр: къэрэндащым щIэх-щIэкIыурэ пыбупсыкIын хуейщ. Абы гугъуехь пыщIауэ щытынкIи хъунщ, ауэ итIанэ фIы дыдэу тхэнущ. ЦIыхури аращ. Гугъуехьыр ишэчыфу эргъасэмэ, нужьым абы хьер кьыхуэхьащхьыну.

ЕплIанэр: къэрэндащIэ утха иэужь, тхьылъыпIэм льэужь кьытренэ. ЦIыхуми льэужь кьытэнащхьэщ.

Апхуэдэ Iуэхугъуэмэ цIыхур хуигъэсэфынущ къэрэндащ кьыззэригъэкIыж.

ТУМАРИНСОН Генрих.
«Тайны XX века» журналым кьытхьажащ.

●ГъэщIэгъуэнщ

Къэрэндащым и гъуэгуанэ кIыхьыр

Къэрэндащыр тырку псалъэм кьытеклащ: «кара» - «фIыцIэ», «даш» - «мыв» кьокI.

Зыужьыныгъэхэр игуэущ

Пхъэ къэрэндащым и гугъу щыщIа дэфтэрыр 1683 гъэм щыIащ. Германием 1719 гъэм графит къэрэндащхэр Нюрнберг кьыщыщIагъэкIыу щIадзащ. Нэмыцкъэхэм гъэпщIуаэу Инджылызым кьраш графитым тхъуэбзащхьэрэ щэнпсэр хагъэзэрыхьырт, щэжьэ лIэужьыгъуэ мыхьэнэншэ кьыхащыкIырт. Абы уритхэну зэрымытыншым кьыхэкIыуи, пуду ящэрт. Я хьэпшыпэ зэрыпэпщIыр абыщIын папщIэ, ар зыщIэкр бзаджагъэ хуекIуэрт. Къэрэндащыпкъым и пэмрэ и кIэмрэ гъэкIа кьабзэ ирагъхьэрти, и кум щэжьэ нэпщIыр ягъакIуэрт. Уеблэмэ, ар куэнэфу кьыщыгъэнапи щыIэт.

Камберлендым графитыр щымащэт. Инджылыз парламентым ар кьэралым иращIыну хуит ищIыртэкым, а хабзэм ебакъуэм и судыр укIкIэ ящIэрт. Ауэрэ, кьызыхащIыкIыр машIэ щыхьэм, Инджылызым къэрэндащ кьыщыщIагъэкIынкIыр щыIэпапIэуэ.

Нуэмкъэ, графитыр зыщIэль щIыпIэ кьуленкъ кьыщагъуэтащ Урысейми нэгъуэщI къэралхэми. Ауэ ар лIэужьыгъуэ кьабзэу зэрыщымытым кьыхуэкIыу, Камберлендэ щыщIа щэжьэм хуэдэ кьыхэпщыкIырыштэкым.

Графит къэрэндащым и кьыщIэгъэкIынкIыр щIэрыщIэу Урысейм щызыублар Ломоносов Михаилщ. Графит кьыщыщIах Iыхьлэ щэрэкIэ кьуленкъ къэралым а Iуэхур щегъэжьагъуафIэт. КьыщыщIадзар Архангельск губернием. Ломоносов Михаилщ къэрэндащыр кьыззэрапщIтэ мардэр - гроссыр - кьэзыгупсысар.

ЛIэужьыгъуэ куэду щыIэщ

Къэрэндащ кьыщIэгъэкIыну щIэхьыу зыужьныныгъэ щигъэуагъэ къэрал куэдым, Абы папщIэ кьагъэсэбэпырт жыг лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэр. Пхъэхуеймрэ псеймрэ а Iуэхум хэзагъэртэкъым. Къарзынэгу езэгъэкIрт можи, вельникыр, кедр плъыжьыр.

Ди къэралым кьыщагъэсэбэп сыбыр кедрым, шихум, ежIэпIэм, бзихум я пхъэхэр. Нэхъ цIанлъэу щытын папщIэ пхъэм зэщIрагъэфырт шэху.

Къэрэндащыр кьыщIагъэкI быдзуи, щабзуи, графитым и фэуи, зэмафэгъэуи, инагъ цIыкIуагъэкIи зэхуэдэкъым. Иджы кьрагъэжьащ полимер фэ тельуи. Ар быдэ мэхьу, пыбупсыкIынуи тынщ. Абы и фIыгъэкIэ, пхъэ лъапIэрэ хуэмащ мэхьу.

Америкэм щыщ Таусенд Крэйс Алонсо 1869 гъэм гъущ къэрэндащыр кьигупсысащ. Графит щэжьэр гъущ щыщ кьыхэщыкIа щэжьалъэ цIыкIум ираплъхьэрти, узыхуей кIыхьагъкIэ и пар кьыбгъэкIуэт хъуэ ящIырт. Анхуэдэу, цанг къэрэндащыр кьежьащ.

Мехрэмеекэ къэрэндащэр кьуэду кьыщагъэсэбэп космосым, сыту жьыпIэмэ, абы щыIэ щытыкIэмэ хьэпшыпым и фIагъыр хьумэ щохьу. Япэу ар кьыщагъуэ Советэ космонавтхэщ. Ар тельыджэ ящыхьуат американкэм, сыт щхьэнкI жьыпIэмэ, езыхэм я Iуэхугъуэм кьыщагъэсэбэпыр щIыналъэ зыфIэкIуэда япэ лъэпкъыу адыгэхэр 1864 гъэм тхыдэщIэм къыхьыхащ, зэрыхьэу щытам и Iыхьэ плIанэр щымыIэжу».

«Хуитныныгъэм и хьэргъэшыргъэм» зыфIища Iыхьэм Ричмонд щытопсэлъыхь Горбачев Михаил и тетыгъуэм адыгэхэм я щхьэ щхьIэтыжьыным, я тхыдэ, я бзэ кьызэфIагъэуэвэжьным елIалIэу зэрыщытар. АрщхьэкIэ, тхыдэ пасэри нужьрейри зэрипхъуэгъу, тхакIуэ кьехь, и Iуэху еплъыкIэр зэрыпэжым щыхьэт техьуэу.

ЧЭРИМ Марянэ.

Щапхъэфl

Сэрмакъ дэт курыт еджапIэ №2-м щекIуэкIащ районым и гъэдажьакIуэхэмрэ психологхэмрэ я зэIущIэ.

«СТIОЛ ХЬУРЕЙ» щапхъэм тетхьылъэзэрагъэщэща семинарыр теухуат зэфIэкI зыбгъэдэлъ еджакIуэ нэхъыбэ щIэныгъэхьхуэтэныгъэ лэжьыгъэхэм зэрыхащIу Iэмалхэм.

Сэрмакъ кьуажэм мы зэIущIэр щIэзэхащэн хуей щIэхьуами щхьэусыгуфIэ иIэщ: МОУ СОШ №2-м илъэс еппланэ хьуауэ щагъэлажьэ «Еджакъуэм я щIэныгъэ щхьэхуитныгъэ лэжьыгъэхэр» зэрирагъэкIуэкI Iэмалхэр егъэфIэкIуэн- фIэщыгъэм щIэт программэр.

Мыбы ирилажьэ егъэджакIуэхэмрэ психологхэмрэ кьыззэралытэмкIэ, а программэр купщафIэу кьыщыбгъэсэлэн къэралым классыщIэ, гъэсэныгъэ дерсхэм. Абы тегъэщIауэ кьыззэрагъэпэща «стIол хьурейм» щытепсэлъыхьащ иджырей мардэщIэхэм тету лажьэ школхэм дэтхэнэ зы еджакIуэми гулытэ щхьэхуэ щигъуэтын зэрыхуэфащэ сабий кьэс, щIэныгъэ и IэныкъуэкIэ, узэрыдэлэжьэну Iэмалхэмрэ.

Кьапщтэмэ, мы зэIущIэм и купщIэу щытар ныкъуэкIуэтей щIэблэм щыхугъэгъэ гъэсэныгъэрэ ябгъэдэлъу, я щIэныгъэрэ зэфIэкIкIи дунейпсо уэрэдыжьхэм кьагъэтэджьныщ.

Семинарым хэтащ егъэджэныгъэмкIэ район упраВленэм и щIэныгъэлIэхэри. Абыхэм жаIащ Сэрмакъ дэт курыт еджапIэ №2-м игъэлъэтуа щапхъэр адрей школхэми зэпыщIасатэмэ зэрагуапэр. Зи гугъу тщIа программэм тету ирагъэкIуэкI дэтхэнэ зы Iуэхурэ школым и сурэт, видео гъэтIылъыгъэхэм халъхь.

Егъэджакъуэ икIи психолог КIуэкIэ Марие кьыхуигъащIащ нобэкIэ ирагъэкIуэкI кьэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм языхэзэри егъэджакIуэхэм я аттестацэр щекIуэкIыжкIэ сэбэпащIуэ кьаззэрыхуэхъуэжьынур.

ШэрэдЖ ДжэС.

●Дзэлыкъуэ щIынатъэ

●КъБР-м щыIэ МВД-м къет

Лей зытекIар ящыщ

2014 гъэм щыIышылэм и 13-м жэщщ сыхьэт 23-рэ дакьикъэ 30-м Нарткъалэ Шэджэкьэщ и щIэм и уэрамым тет бэзэрым и IэгъублагъэмдекIыжьыкIуэ 1982 гъэм кьалъхуа нарткъалэдэсым сэкIэ уIэгъэ зыбжанэ щытридзащ. Лей зытехьар абы кьелакъым.

Кьэлъыхъуэныгъэхэр щрагъэкIуэкIым, бзаджащIэр ящыдащ. Ар нэхъапэм суд зытращIыхьэрэ щыта, 1967 гъэм кьалъхуа къэхурдэсщ.

Уголовнэ Iуэху кьаIэтащ.

Теддэз тхыгъэхэм кьащыщхьа бжьыгъэхэм, ящыщIэта Iуэхугъуэхэм я пжьагъэмкIэ ахэр зытехьэм ирегъажьащ Iуэху епльыкIэр зэпыту щытыну щытыкIым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынырэ и щIэ дальщ КъБР-м федеральнэ нощт зэныщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1994 гъэм мэкъуаущхэм я 14-м Печатным и хитныныгъэр хьумэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1ап1эм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ,
Лениным и щIэкIэ щыIэ уэрам, 53, тел. 42-35-75.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Жылагъэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), **Жьэкlэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), **Щирдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, НэщIэныджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

Езыгъэтхаэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ я гъэтхэн (учредителхэр).

КьыдзыгъэкIэм я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КъУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жьыгъуэмрэ лъэныкъуэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гущIэмрэ экономикэмкIэ 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Iуэхущ1апIэхэм ядлжьэныкъуэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ пресс-щIэныгъэм - 47-32-15; эдлэжьакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1апIэм - 42-26-41; суэрэттехэм - 42-75-78.

Мы кьыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: *жэуап зыхь секретарым и кьуэдзэ Дышэкl Соня, редакторыр Габыш Динарэ, корректорхэр Аф Тамарэ (1, 2-нэ нап.), ПкъыщIыкIуэ (3, 4-нэ нап.), корректорхэм я дэIэныкъуэгъу Мырзэкъан ФатIимэ. КомпьютеркIэ газетым и тепльэр ящIащ Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ, суэрэттхэм елэжьар Бицу Жаннэщ.*

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531 ●Тираж 4.662 ●Заказ №73